Шыңғыс Айтматов



# Дәслепки муғаллим

повесть

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен әйнекти барынша ашқанымда, өжирене дәрҳал таза ҳаўа толады. Булдырлаў қараңғыда өзим сала баслаған сүўреттиң этюдлары менен сызықларына қадала қарайман. Олар жүдә көп. Себеби бул сүўретти талай рет қайтадан салғанман. Бирақ ол жөнинде толық пикир айтыўға еле ерте. Өйткени мен бундағы бас нәрсени— жазғы таңдай анық, тил менен түсиндириўге болмайтуғын, тек бирден кеўилге қуйылып келип қалатуғын нәрсени еле тапқаным жоқ. Ерте, таң алдындағы тынышлықта тенселип жүрмен де, терең ойға шүмемен. Бәрҳа усылай. Және, ҳәр сапары жазған картинамның тек ғана ойдағы мақсетке талпыныў екенине көзим жетеди.

Питпеген нәрсе жөнинде басқаларға, таң егер ол жақын достың болса да, айтатуғын адамлардан емеспе, Бул мениң өз мийнетимди өзгеден қызғанғаным емес, жоқ, тек бесикте жатқан баланың келешекте қандай болатуғыны туўралы пал ашыўды аўырсынғаным ғой. Сол сыяқлы, толық питпеген шығарма жөнинде пикир айтыўда қыйын. Бирақ усы сапары сол қағыйданы өзгертип, бар даўысым менен ҳәммеге жәриялмақшыман, ягный адамлар менен еле салынып питпеген сүўрет рет ҳаққында пикир алыспақшыман.

Бул кеўил назы емес. Мениң басқаша ислеўим мүм-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кин емес. Себеби буны питкериўге бир өзимниң күшим жетиспейтуғынын ańладым. Кеўилди мазасызландырып, қолыма кисть алдырған ўақия соншама үлкен, оған жалғыз өзимниң қушағым жетпейди. Толы табақты көтерип жүре алмай, төгип аламанба деп қорқаман. Сонлықтан адамлар ақыл айтып, кеңес берсе екен, мольберттиң жанында қатара турып, мениң менен бирге толқыса екен деймен.

Жақынырақ келиңиз, жүрек сырын аямаңыз. Мен бул ўақыяны сизлерге айтыўға тийислимен...

* * *

Бизиң Гүркиреў атлы аўылымыз таў етегиндеги бийикликте орналасқан. Таў шыңларынан сарқырап аққан суўлы жыралар бул жерден кесип өтеди. Аўылдың төменирегинде қазақтың «Сары ойпат» деген кең даласы созылып жатыр. Оның баўрайы Қаратаўдың шоққылары менен тилкимленген. Көз ушында усы дала арқалы батысқа қарай қараўытып, созылып кеткен темир жолдың изи көринеди.

Ал аўыл жоқарысындағы дөңесте үлкен еки гүжим терек өсип тур. Мен оларды кишкене күнимнен бери билемен. Бизиң Гүркиреўдиң қайсы жағынан келсең де, алды менен усы еки терек көзге түсип, таўдағы маяктай болып көринеди. Неге екенин өзим де түсиндире алмайман, мүмкин, бала күнимдеги алған тәсирим ядтан шықпайма, я художниклик кәсибиме байланыслыма, әйтеўир, поездан түсип, аўылға киятырған ҳәр сапары «көзге түспесе екен» дегендей, сол еки гүжимди узақтан излей баслайман.

Олар қанша бийик болса-да, сонша жерден көре қойыў қыйын. Бирақ мен ушын олар бәрҳа көринип турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше рет узақ жерлерден қайтып киятырып; «егиз гүжим қашан көринеди? Тезирек аўылға келип, дөңесликке барсам екен. Оннан кейин теректиң түбинде узақ ўақыт турып, олардың жапырақларының сылдырлысын мийрим қанғанша тыңлар едим» деп тақатсызланаман.

Аўылымызда терек дегенлер жүдә көп. Бирақ, мына гүжимлер өз алдына—олардың айрықша тили, айрықша сайраған жаны бар болыўы итимал. Мейли түнде, мейли күндиз қашан келсең де, олардың шақалары шайқалып, жапырақлары бир-бирине урып, ҳәр түрли намада сылдырлайды.

Көп жыллардан соң бул еки теректиң сырын билип алдым. Олар дөңесте, жән-жақтан самал келетуғын бийик жерде, өсип турғанлықтан кишкене ғана самал ессе де, булар оған үн қосып жапырақлары сылдырлайды екен.

Бирақ, бул ҳақыйқатлықты билиў мени ҳеш те түңилдирген жоқ. Қайта, елеге шекем баяғы бала күнги сезимлеримди жүрек түпкиринде сақлайман. Дөңесликте өсип турған сол еки терек усы ўақытқа шекем маған айрықша сыры бардай сезиледи. Өйткени мениң балалық дәўирим сыйқырлы көгилдир айнаның сынығындай усы еки гүжимниң түбинде қалды...

Жазғы дем алыс алдындағы ең соңғы оқыў күни биз балалар усы жерге, теректиң басындағы қус уяларын бузыў ушын, жуўырысып келетуғын един. Ҳәр сапары ысқырысып, бақырысып, шапқыласыўымыз бенен дөнниң басына шыққанымызда дәўдей еки гүжим шайқалып, салқын саясына бизди шақырғандай бас ийисип турады. Биз, жалаңаяқ тентеклер, бир-биреўимиздиң жаўырынымызға минип, шақадан-шақаға асылып, терек басына шыға баслаймыз. Қустың уяларында албыраўшылық пайда болып, олар бақырысыўы ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен төбемизде ушып жүреди. Бизлер буған кеўил бөлместен «ким батыр, ким жоқарырақ көтериледи» деп өрмелей беремиз. Үлкен бәлентликтен бизиң көз алдымызда шексиз дала көсилип жатады. Сыйқырдан пайда болғандай бул кең дала бизди ҳайран қалдыратуғын еди. Қустың уяларында умытып, ҳәрким өз шақасында демин ишине тартып, дөгерекке қадалып отырамыз. Жер жүзиндеги ең үлкен сарайдай сезилетуғын колхоздың ат қорасы дөңниң үстиндеги бийик теректиң басынан кишкене ғана тамдай болып көринеди. Ал аўыл сыртында кең партаў жерлер менен бурын билмеген дәрьялар көз ушында гүмис сабақтай жалтырап жатады. Шақада отырып «жердиң ушы усыма екен, я оның аржағында да усындай аспан, булт пенен таўлар, еллер менен дәрьялар барма екен» деп ойлаймыз. Ҳәр ким өз шақаларында жармасып отырып самалдың гүўилдисине таңлана қулақ саламыз. Ал жапырақлар оған жуўап ретинде сылдырлап, көз илмес жерде жасырынып жатқан белгисиз үлкелер жөнинде сыбырлайды.

Гүжим шуўылдысын тыңлап отырған мениң жүрегим қорқыныш пенен қуўаныштан дүрсилдейди. Самалға үн қосқан жапырақлардың сылдырына қосылып узақтағы еллерди көз алдыма келтирмекши боламан... Бирақ ол ўақытта бир нәрсе жөнинде-мына гүжимлерди кимниң шанышқаны жөнинде ойламаппан. Расында да бул белгисиз адам ким екен және усы тереклерди дөң басына шаншып, тәрбиялағанда оның не ойы, қандай әрманы болды екен?

Неге екени белгисиз, адамлар усы тереклер өсип турған жерди «Дүйшенниң мектеби» деп атайтуғын еди. Еле ядымда, егер атын жойтқан биреў ушырасқан адамнан: «бизиң торы атты көрмедиң бе?» деп сораса, ол: «анаў жоқарыда, «Дүйшенниң мектебиниң» жанында



www.ziyouz.com kutubxonasi

түни менен жылқылар жайылып жүр еди. Барып көр, мүмкин солардың ишинде шығар» деп жуўап қайтарады. Үлкенлерге еликлеген биз балалар да ойланбастан соны қайталап: «Жүр, «Дүйшенниң мектебине» барайық, Ғарғаның уясын бузамыз» деп жолдасымыздың жеңинен тартатуғын едик.

Адамлар бир ўақытлары усы дөң басында мектеп болды деп айтысады. Бизлер оның изинде таба алмадық. Қулаған жайдың ең болмаса кесеклерин таппақшы болып, мектептиң орнын бала күнимде талай рет изледим. Бирақ онда ҳеш нәрсе жоқ еди. Соңынан теп-тегис жерди «Дүйшенниң мектеби» деп атағаны бизлерге ерси көринип, бир жола мен ғаррылардан Дүйшенниң ким екенин сорадым. Олардың биреўи қолын силтеп: «Дүйшен, ким дейсең бе? Ой, ол ҳәзир де усы аўылда туратуғын Ақсақ қой руўының Дүйшени ғой. Буған көп жыллар болды. Ол ўақытта Дүйшен комсомол еди. Анаў дөң басындағы биреўдиң тастап кеткен сарайында мектеп ашып, бала оқытты. Тек аты демесең, мектепте емес еди-аў. Несин сорайсаң, олбир қызық дәўир болды ғой. Ким ат жалын сулап, зәңгиге аяқ салса, сол өзи-өзине баслық. Дүйшен де басына келсе, соның бәрин иследи. Ал ҳәзир баяғы сарайдың кесегинде таба алмайсаң. Тек аты пайда демесең»,—деди.

Дүйшенди аз билетуғын едим. Тек оның жасы қайтқан, узын бойлы, еңкиш денели, үрпейген қасы төмен түскен адам екени ядымда бар. Жайы дәрьяның аржағында, екинши бригадада. Мен аўылда екенимде ол колхоз мурабы болып ислеп, бәрҳа атыздан шықпай жүретуғын еди. Анда-санда ерге кетпенин илдирип, бизиң көшеден де өтеди. Узын аяқ, сүйекли аты ийесине қандай да бир уқсаслықты аңғартады. Соңынан қартайған Дүйшен ақыл почтасы болып жүр деп еситтим. Бул тек сөз ретинде ғой. Ал мәселе пүткиллей басқаша. Ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң сол ўақыттағы түсинигим бойынша комсомолец дегениң ис пенен сөзге шебер, аўылдағы ең алғыр жигит. Ол жыйналысларда шығып сөйлеп, қосжақпаслар менен колхоз малын талаған урыларды газетаға жазыўы керек. Ал мына жуўас ғана, сақаллы ғаррының комсомолец болып, қала берсе, өзи саўатсыз адамның бала оқытқанына таңланып, исенбейтуғын едим. Жоқ, бул мениң мийиме ҳеш те қонбады. Анығын айтқанда бул аўылда айтылып жүрген көп ертеклердиң биреўи ғой деп ойладым. Бирақ ол басқаша болып шықты...

Өткен жылы гүзде аўылдан телеграмма алдым. Жерлеслерим колхоз күши менен салынған жаңа мектептиң ашылыў мерекесине шақырыпты. Мен дәрриў кетпекши болып таярлана баспадым. Өйткени туўылған аўылдың бундай ең бир қуўанышлы күнинде үйде отырыўым мүмкин емес еди. Байрамнан бир-еки күн ертерек жолға шықтым. Бундағы ойым сол жақта жүрип, жаңадан сүўретлер салыў. Шақырылғанлардың ишинде академик Сулаймановаңы да аўылымыз күтип отырған усайды. Еситиўиме қарағанда, ол аўыл да бир-еки күн болып, сол жерден Москваға жүрип кетпекши екен.

Ҳәзир даңққа бөленген бул ҳаялдың жас күнинде бизиң аўылдан кеткенин еситкен едим. Қалаға келгенимнен кейин мен оның менен таныстым. Академик шашы ағарған, толық денели, жасы әдеўирге барған ҳаял екен. Бизиң бул атақлы жерлесимиз университетте кафедра басқарып, философиядан лекция оқыйды. Соның менен бирге Илимлер Академиясында да ислеп, шет еллерге тез-тез барып турады. Бос ўақты жоқ оның менен жүдә жақыннан таныса алмадым. Бирақ, қай жерде ушырассақ та ол аўыл жағдайларын сорап, мениң салған сүўретлерим жөнинде де аз да болса пикир айтпай кетпейтуғын еди. Бир сапары оған:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Алтынай Сулаймановна, аўылға барып, жерлеслеринңиз бенен көриссеңиз қандай жақсы болар еди. Сизди ол жерде ҳәмме мақтаныш етеди. Бирақ көбиси сизди танымайды. Тек айтыўшылардан ғана еситкен. Аўылда «бизиң даңқлы илимпазымыз бул жерге келиўге менсинбей, Гүркиреўдиң жолын умытып кетипти» деген сөзлер де бар қусайды,—дедим.

—Әлбетте барыў керек еди,—деп Сулаймановна муңая езиў тартты.—Өзимниң де көптен бери барсам деген ойым бар. Рас, Гүркиреўде ҳеш қандай ағайынтуўғаным жоқ. Бирақ мәселе онда емес ғой. Қайткенде де жақын арада оған барыўым керек. Туўылған жерди қатты сағындым...

Академик Сулайманова мектептеги салтанатлы жыйналыс енди-енди ашылайын деп турған ўақытта аўылға келди.

Әйнектен оның машинасын көрген колхозшылар топырласыўы менен майданға шықты. Таныған, танымағаны да, үлкени-кишиси де, бәри де академиктиң қолын қысыўға асығып жүр. Бундай қабыл етиўди онша күтпеген Алтынай Сулаймановна, мениң байқаўымша, азырақ қысынып та қалды. Қолын көкирегине қойып, жән-жағына бас ийиў менен киятырған ол, қоршаған көпшилик арасынан президиум столына көп қыйыншылықта жетти.

Алтынай Сулаймановна өз өмиринде талай салтанатлы жыйналысларда болып, оны бәрҳә ҳүрметлеп, қуўаныш пенен қарсы алған шығар. Бирақ, мына аўыл мектебинде жерлеслериниң шын ықлас пенен күтип алыўы оның кеўлин толқытса керек. Ол төмен қарап, келип қалған көз жасын жасыра алмай отыр.

Салтанатлы шығып сөйлеўлерден кейин, қәдирли қонақтың мойнына пионерлер қызыл галстук байлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүл дәстелерин усынды. Жаңа мектептиң ҳүрмет китабына биринши болып Сулайманованың аты жазылды. Ҳәўескерлер кружоги тәрепинен қызықлы концерт қойылғаннан соң директор қонақларды, мектеп муғаллимлерин, колхоз активлерин өз үйине аўқат жеўге шақырды. Бул жерде де Алтынай Сулаймановнаның келиўине әбден қуўанысып жур. Оны ең ҳүрметли орынға--гилемлер төселген төрге отырғызып, өзлериниң шын жүректен сыйлайтуғынын аңғартыўға тырыспақта. Бундай жағдайда бәрҳә болатуғын тостлар да көтерилип, қонақлар кеўилли сөйлесип отыр.

Үйге усы жерли бала жигит кирип, директорға бир дәсте телеграмма берди. Мектептиң ашылыўы менен жерлеслерин қутлықлап жазған бурынғы оқыўшылардың телеграммалары қолдан қолға өтип атыр.

—Буларды Дүйшен ғарры әкелди ме—деп директор балаға қарады.

—Аўа,—деди бала.—Телеграммаларды жыйналыста, көпшилик арасында ашып оқысын деп асығып, атты сабалаўым менен келдим,—дейди Дүйшен. Кешиккенин еситкен ғарры қапа болып тур.

—Неге ол далада жүрипти? Шақыр, аттан түсип үйге кирсин.

Бала Дүйшенди шақырмақшы болып, сыртқа шықты. Бир нәрсе ядына түскендей жанымда отырған Алтынай Сулаймановна селк ете қалып, меннен Дүйшенниң ким екенин сорады.

—Ол колхоз почтальоны ғой, Алтынай Сулаймановна. Сиз оны билесиз бе?

Академик түсиниксиз түрде бас силкип, орнынан турмақшы болды. Сол ўақытта әйнек алдынан атлы биреў шапқылап өтип кетти. Бала үйге қайтып келип, директорға:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Оны шақырып едим ағай, бирақ ол еле хат үлестириўим керек деп кетип қалды,—деди.

— Ол кисини иркиўдиң кереги жоқ. Мейли хатын үлестире берсин. Соңынан ғаррылар менен отырар,—деди кеўли қалған биреў.

—О, о! Сиз Дүйшенди жақсы билмейди екенсиз. Ол нағыз заң адамы. Жумысын питкермей ҳеш қайда бурылмайды,—деди екинши биреў.—Шынында да өзи бир түрли адам. Урыстан соң Украинадағы емленген госпиталынан шығып, сонда турмыс кеширип қалды. Мине, оның аўылға келгенине бес жылдай-ақ болды. «Туўылған елде өлмекшимен» дейди. Өмири үйленбей-ақ қартайды.

—Қалай да ҳәзир киргенинде болатуғын еди. Мейли енди,—деп үй ийеси қол силтеди.

— Ядыңызда барма, бир ўақытлары бизлер «Дүйшенниң мектебинде» оқыдық,—деп аўылдағы абройлы биреў бокалын көтерди. —Оның өзи де әлиппедеги ҳәриплерди толық билмейтуғын еди..—Сөйлеп отырған киси көзин сығырайтып басын шайқады. Оның түринде таңланыў менен масқаралап күлиўдиң белгилери көринип турды.

—Айтқаны рас,—деп бир-еки адам оның сөзин қошлады. Дөгеректегилер күлисип атыр.

— Несин сорайсаң! Ол ўақытта Дүйшен не ислемеди... Ал, биз оны шынында да муғаллим деп ойлап жүрдик.

Күлки тынған соң бокалын көтерген адам сөзин даўам етти.

— Енди мине адамлар бизиң көз алдымызда өсип жетилисип атыр. Академик Сулайманова болса пүткил елге белгили. Көбимиз жоқары, ал қалғанларымыз орта мағлыўматқа ийемиз. Бүгин биз аўылда жаңадан орта мектеп аштық. Усының жалғыз өзи өмирдиң қаншелли өз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гергенин көрсетпейме?—Келиң қәне, аўылласлар, Гүркиреўдиң ул-кызларының келешекте де алдыңғы қатарда болыўы ушын ишип жиберейик!

Хәмме ғаўырласып, тост көтеристи. Бир нәрседен қысынғандай Алтынай Сулайманова кызарып кетти. Ол бокалына ернин тийгизди де жерге койды. Бирақ, сөз бенен бәнт, кеўли шад адамлар буны сезбеди.

Алтынай Сулаймановна бир неше рет саатына қарап қойды. Ал, соңынан конаклар далаға шыкканында ол жап бойында басқалардан бөлекленип, дөң үстиндеги сарғайған гүзги гүжимлерге тигилип карап тур екен. Тереклер самалға шайкалып, жапырақ таслап тур. Батып баратырған күн олардың төбелерине кеўилсиз түрде қызғылт нурын шашады.

Мен Алтынай Сулаймановнаның жанына келип:

— Хәзир гүжимлер сарғайып кетипти. Егер оларды бәхәрде көрерме едиңиз!—дедим.

— Мен де сол жөнинде ойлап турман.

Алтынай Сулаймановна әсте-акырын гүрсинди. Азырақ үнсиз турған ол тек өзине айтқандай болып: —Аўа, барлык тири нәрсениң өз бәхәри менен гүзи бар,—деп гүбирленди.

Оның ойлы көзлеринен, әжим каплаған жүзинен муңлы көленке жүўырып өтти. Ол тереклерге бир түрли, мунайыўы менен карайды. Мен сонда алдымда турған академик Сулаймановна емес, ал жай ғана кырғыз ҳаялы-қуўанышта да, кайғыда да хийлесиз хаял турғаның сездим. Бул илимпаз адам мүмкин хәзир өзиниң жаслық дәўирин ойлаған шығар. Тереклерге тигилген ол маған бир нәрсе айтпакшы болды да, соң бул ойынан қайтып, асығыслык пенен көз әйнегин кийди.

— Москва поезды бул жерден саат он бирде өтетуғын шығар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа, түнги он бирде.

— Демек, мениң жолға шығыўым керек.

— Бул қалай, бирден? Сиз аўылда бир-еки күн боламан деп едиңиз ғой, Алтынай Сулайманова... Адамлар бәри-бир жибермейди.

—Жоқ, жоқ. Асығыс жумысларым бар. Мениң ҳәзир кетиўим керек.

Жерлеслери қалыўды сорап, қанша жалынып, өкпесин айтса да, Алтынай Сулаймановна көнбеди.

Бул ўақытта кеш болып, қас қарая баслаған еди. Қапа болған жерлеслери Алтынайдың «екинши рет аўылда бир ҳәпте, ҳәтте оннан да көбирек боламан» деген ўәдесин алып, оны машинаға мингизди. Станцияға шекем шығарып салмақшы болып, мен де оның қасына отырдым.

Не себеп Алтынай Сулаймановна кетиўге бирден асықты екен? Бундай қуўанышлы күни жерлеслериниң кеўлин қалдырыў, мениңше, пүткиллей надурыс еди. Жол бойынша бул жөнинде талай рет сорамақшы болдым да, бирақ батына алмадым. Бул әдепсиз болып көриниўден қорыққаным емес, ал мен оның бәри-бир сол ўақытта ҳеш нәрсе айтпайтуғынын түсиндим. Ол жол бойынша үндемей, бир нәрселерди ойланыў менен келди. Сонда да станцияда мен оннан;

— Сиз бир түрли ренжиўлисиз ғой, Алтынай Сулаймановна. Мүмкин, биз қапа қылған шығармыз?—деп сорадым.

— Ол не дегениңиз! Олай деп ҳасла ойламаңызда! Мениң кимге өкпелеўим мүмкин? Тек өзиме болмаса... Аўа, шынында да өзиме-өзим өкпелеўге тийислимен...

Сөйтти де Алтынай Сулаймановна поездға минди. Мен аўылдан қалаға келдим. Бир неше күннен соң күтпегенде академиктен хат алдым. Москвада ойлағанынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

көбирек қалатуғынын айта келип, Алтынай Сулаймановна хатты былай баслапты:

— «Мениң көплеген әҳмийетли және асығыс ислерим болса да, оларды былай жыйыстырып қойып, сизге усы хатты жазып отырман. Егер бундағы жазғанларым қызық көринсе, онда айтқанларымды халыққа жеткериў ушын ойланып көриўиңизди өтиниpermitted сорайман. Мениң ойымша, бул тек бизиң жерлеслеримиз ушын ғана емес, ал ҳәмме ушын, әсиресе жаслар ушын жүдә керекли. Бундай пикирге мен узақ ойланыўлардан кейин келдим. Бул мениң халық алдында барлық сырымды айтып, гүнәдан тазарыўым. Мен бул қарызымды қалай да өтеўим керек. Адамлар қаншелли бул жөнинде көп билсе, мен де соншелли өзимди қыйнаған уяттан тазараман. Мени қолайсыз жағдайда қалдыраман деп қорқпаңыз. Ҳеш нәрсени жасырмай, туўра айтыңыз....»

Бир неше күн усы хаттың тәсиринде жүрдим. Бирақ Алтынай Суаймановнаның өз атынан хатты көширип бериўден басқа қолайлы ҳеш нәрсе таба алмай отырман...

* * *

Бул ўақыя 1924-жылы болды. Аўа, тап сол жылы... Ол ўақытта бизиң ҳәзирги колхозымыз турған жерде отырықшы жарлы-жақбайлардың кишкене ғана аўылы бар еди. Мен онда он төрт жаста едим және марҳум әкемниң аталас туўысқанының қолында турдым. Анам пақыр, ол да әллеқашан өлген еди.

Гүз күнлери, аўылдағы бай үйлер малларын айдап, таў бетке қыслаўға кетиўден көп кешикпей-ақ солдат шинелин кийген бийтаныс жас жигит аўылға келди. Оның қара сукнодан тигилген шинели еле ядымнан шықпапты. Жолдан көп шетте, таў етегиндеги бизиң аўылда қазы кийимин кийген адамның көриниўи үлкен ўақыя еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлар дәслеп оны армияда командир болған, сонлықтан аўылда да баслық болады десип жүрди. Соңынан оның ҳеш қандай командир емес екени, ал баяғы ашлықта аўылдан темир жолда ислеўге кетип хабарсыз жоғалған Тастанбектиң баласы екени анықланды. Сол Тастанбектиң баласы—Дүйшен бул жерде мектеп ашып, бала оқытыўға жиберилгенге усайды.

Ол ўақытта «мектеп», «оқыў» деген сөзлер жаңалық еди. Сонлықтан адамлар буның не екенине онша түсине бермеди. Биреўлер еситкенине исенсе, екиншилери буны өсек сөз деп жүрди. Егер кешикпей оларды бир жерге жыйналыўға шақырмаса биротала умытып та кетерме еди, мүмкин мектеп жөнинде адамлар мениң аталас ағайым көп ўақытқа шекем:—«Тағы бул не жыйналыс? Бәрҳә кисини ҳәр қыйлы мәниссиз, бос нәрселер ушын жумыстан қалдырады» деп гүңкилдеп жүрди. Бирақ, сонда да ол арық атын ертлеп, қамшысын алды. Өзин қәдирлейтуғын ҳәрбир еркек киси тәртип бойынша пияда жүрмеўи керек еди. Оның кейнинен қоңсы балалар менен бирге мен де сол жаққа кеттим.

Бизлер солқылдаўымыз бенен жыйналыс болатуғын бийикликке жуўырысып келгенимизде, атлы-пияда адамлардың алдында баяғы қара шинель кийген аққуба жигит сөз сөйлеп тур екен. Биз оның даўысын жақсырақ еситпекши болып, журтты ийтермелеп, алға шықтық. Сол ўақытта жыртық постын кийген бир ғарры уйқыдан оянғандай бирден оның сөзин бөлди:

— Тоқтай тур балам.,—деди ол тез сөйлеп,—бурын балаларды моллалар оқытыўшы еди. Ал, сениң әкеңди биз билемиз. Ол да биз сыяқлы жалаң-аяқлардың бири еди. Айтшы жаным, сен сонда қашан молла болып жетистиң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен молла емеспен, ақсақал. Мен комсомолман,— деп жуўап қайтарды Дүйшен.—Ал балаларды ендигиден былай моллалар оқытпай, муғаллимлер оқытады. Мен саўатымды армияда аштым және ҳәзирге шекем аз-кем оқыдым. Әне, мен сондай молламан.

—Мине, бул нағыз ис...

—Бәрекеллә, —деп қошлаған даўыслар еситиледи.

— Солай етип, комсомол мени сизлердиң балаларыңызды оқытыўға жиберди. Буның ушын бизге мектеп болғандай жай керек. Сизлердиң көмегиңиз бенен анаў дөң басындағы ат қораны оңлап алмақшымыз. Қәне, буған қалай қарайсыз, жерлеслер?

Адамлар «мына келгиңди сөздиң кейнин қайда бурмақшы» дегендей, ойланып қалды. Өзиниң гүдибузарлығы менен Сатымқул-жәнжелкеш деп лақап алған адам тыныншлықты бузды. Ол бағанадан бери ердиң үстинде жамбаслап, сөзге қулақ салып отыр еди. Анда-санда тисиниң арасынан «шырт» еттирип түкирип те қояды.

— Сен бала тоқтай тур,—деди ол мергендей бир көзин қысып.—Мектептиң бизге не кереги бар? Алды менен соны айт?!

— Не кереги қалай—деп Дүйшен албырап қалды.

— Дурыс айтады, не кереги бар?—деп тағы биреўлер Сатымқулдың сораўын мақуллады.

Енди адамлардың бәри қыймылдап, шаўқымласа баслады.

— Биз өмир бойы мийнет пенен күн көрип киятырмыз. Бизлерди кетпеннмиз асырап жүр. Демек, балаларымызда усылай жасаўға тийисли. Оларға оқыўдың не кереги бар? Саўат деген баслықларға керек, ал биз мийнеткешлермиз. Бәрекет тап, басымызды айландырма!

Даўыслар кем-кемнен пәсеңледи.

— Рас-ақ сизлер балаларыңыздың оқығанына қарсы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мысыз?—деп сорады таңлаған Дүйшен ҳәр кимниң бетине дыққат пенен қарап.

— Қарсы болса не, күшлеп мәжбүрлемекшимисең? Оҳо! Ол ўақытлар келмеске кеткен. Биз енди азат адамлармыз. Қалай қәлесек, солай жасаймыз.

Дүйшенниң жүзи сурланып кетти. Ол қалтыраған қоллары менен шинелиниң илгеклерин жаздырып, қойын қалтасынан төрт бүкленген бир бет қағаз шығарды. Оны асығыслық пенен жазып, жоқары көтерди:

— Сизлер мына қағазға-балаларды оқытыў керек деп жазылып, совет ҳүкиметиниң мөри басылған қағазға қарсысыз ғой—ә? Ким, қәне, сизлерге жер, суў, азатлық берген? Айтың қәне, ким совет ҳүкиметиниң заңына қарсы, ким? Сөйлеңизлер!

Ол соңғы «сөйлеңизлер» деген сөзин қатты бақырып, ызалы түрде айтты. Оның сести туў анаў таў бетте жаңғырып еситилди. Ҳешким жуўап қайтармады. Бәри де үндемей, басын төмен салып тур.

— Биз жарлымыз,—деди енди Дүйшен әсте-ақырын сөйлеп,—байлар бәрҳә бизди аяққа басып, кемситип келди. Енди мине совет ҳүкимети бизиң жақты көриўимизди, оқыў, жазыўға үйрениўимизди қәлеп отыр. Бунын ушын балаларды оқытыў керек....

Дүйшен сөз күткендей, үндемей турды. Сонда баганағы оннан «қашан сен молла болдың» деп сораған жыртық постынлы киси маўасашыл түрде;

— Мейли, қалесең оқыта бер. Бизге не...—деп гүбирденди.

— Бирақ мен сизлерден көмек сорамақшыман. Байдың мына дөң үстиндеги атқорасын жөнлеўимиз, жолдағы дәрьяға көпир салыўымыз керек. Мектепке отынның да керек екени белгили...

—Тоқтай тур жигит, сен өзи дым ғана асығыссаң ғой



www.ziyouz.com kutubxonasi

—деди Сатымқул-жәнжелкеш Дүйшенниң сөзин бөлип. Тисиниң арасынан «шырт» еттирип түкирип, ол тағы да мергендей сығалап қарады:

—Мине, сен барлық аўылға «мектеп ашаман» деп бақырып турсаң. Өзиңе қарасам үстиңде кийим, астыңда атың жоқ. Я еккен алақандай жериң, я бир жалғыз туяқ малың жоқ! Ҳүрметли қощым-аў, сонда қалай жасамақшысаң? Биреўдиң малын урлайсаң ба?

—Күн кеширермен, әйтеўир. Айлық аламан...

—А-а, бағанадан берли-ақ неге солай демейсең! —деди Сатымқул. Ол жеңген кисидей түр көрсетип, ер үстинде тикейип отырды. — Енди мине бәри түсиникли. Сен қощым өз жумысыңды өзиң исле. Балаларды сол айлығыңа оқыт. Қазнада не көп, ақша көп. Ал, бизди тынышымызга қой. Онысыз да жумыс дегениң басымыздан асып атыр...

Усы сөзлер менен Сатымқул атын бурып, үйине кетти. Оның кейнинен басқаларда шубырысты. Ал, Дүйшен баяғы қағазын услаўы менен жалгыз өзи дөң басында қалды. Ол бийшара енди қайда барарын да билмей тур. Мен Дүйшенди сондай аяп кеттим. Оған тигилип қарап тура берерме едим әлле... Қапталымнан атлы өтип баратырган ағай;

—Эй, сен, уриек баш! Аўзыңды ашып бул жерде не қылып турсаң? Бар үйге!—деп бақырды. Мен балалардың изинен жуўырып кеттим. — Көрдиңбе буны, оларға шекем жыйналысқа келипти!—деген ағайдың даўысы кейнимнен еситилип қалды.

Ертеңине биз-қызлар суўға киятырып жап бойында Дүйшенди көрдик. Ол қолтығына бел, кетпен, балтасын қысып, екинши қолына гөне шелек услап, дәрьяның аржағына кешип өтип баратыр екен.

Усы күннен баслап ҳәр күни азанда қара шинель



www.ziyouz.com kutubxonasi

кийген Дүйшенниң соқпақ арқалы дөң басындағы гөне атқораға кетип баратырғанын көретуғын едик. Ол тек қараңғы түсип, кеш болғанда ғана ауылға қайтып журди. Көп рет оның қуурай я сабан арқалап жургенин көзимиз шалды. Буны узақтан байқаған атлы адамлар ер үстинде тикейип, алақанын көзине тутады және таңланысып, өзли-өзи сөйлеседи:

— Анаң қара, отын арқалап журген Дүйшен муғаллим емеспе?

— Дәл өзи.

— Әй, бийшара. Шамасы муғаллимлик жумыс та аңсат емес усайды ғой.

—Енди қалай деп ойлап едиң? Анау отын арқалап журиуине қара, байдың күнликшисинен бир де кем емес.

— Ал, айтқан сөзин тыңласаң, алдына адам салмайды.

— Қолында мөрли қағаз болған соң сөйтеди дә. Барлық күш сонда.

Бир сапары ауыл сыртындағы жайлаудан тезек арқалап киятырып, бизлер мектепке қайрылдық. Муғаллимниң не ислеп атырғанына қарағымыз келди. Ылайдан салынған гөне атқора бурын байдики еди. Қыс күнлери бул жерде жаңа тууған байталлар қамап қойылып журди. Совет ҳукимети орнағаннан кейин, бай бир жақларға көшип кетти де, атқора усылай қала берди. Ҳешким бул жерге келмегеннен кейин дөгерекке тикенекли шөплер өсип кеткен еди. Енди сол шөплер түбинен шабылып, бир жерге үйип қойылыпты. Атқораның алды жақсылап тазаланып, гөне диййуалдағы жауын ағып үлкейип кеткен жарықлар жақсылап сыбалған. Ал күнге қуурап, топсасы шыққан қыйсық қапы жамалып, орнына қайта салыныпты.

Бизлер атқораның алдында дем алмақшы болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапшығымызды жерге қойғанымызда есик ашылып, ишкериден усти-басы ылай-ылай болған Дүйшен шықты. Ол бизлерди көрип дәслеп таңланды. Соңынан жүзиндеги терди сүртип, күлимсиреп қарады:

— Қайдан келдиңиз қызлар?

Тезек толы қапшығымызға сүйенип, жерде отырған бизлер уялып, бир-биримизге қарадық. Қысынып, үндемей отырғанымызды түсинген Дүйшен күле шырай берип, ийек қақты:

— Қапшықларыңыз өзлериңизден үлкен ғой... Бул жерге келгениңиз жүдә жақсы болды, қызлар. Бунда еле сизлердиң өзлериңиз оқыйсызлар. Ал, мектебиңиз болса питип қалды деўге болады. Ҳәзир, минекей, мүйешке печь сыяқлы бир нәрсе салып, төбеден моржа шығардым. Енди қалып турғаны— қыс отын таярлаў. Бул да ҳеш нәрсе емес—дөгеректе шашылып жатқан қуўрайлар көп. Жайдың ишине қалың етип сабан төсеймиз де, оқыўды баслап жибиремиз. Қалай, оқығыңыз келеме? Мектепке, қатнайсызлар ма?.

Кызлардың ишиндеги үлкени мен едим, сонлықтан:

—Егер жеңгем жиберсе оқыўға келемен,—дедим.

—Неге жибермейди? Әлбетте жибереди. Ал енди, маған айтшы, атың ким сениң?

—Алтынай,—дедим мен алақаным менен жыртық көйлектен көринип турған дизамди жасырып.

— Алтынай... Бул жақсы ат. Мүмкин өзиң де жақсы шығарсаң а? Ол бир түрли жымыйып күлди. Буған мениң жүрегим жылып қоя берди.—Мынаң қара Алтынай, сен басқа балаларды да мектепке әкелетуғын бол. Жақсыма?

— Болады, ағай.

— Мени муғаллим деп атаңыз. Қәне, мектепти көргиңиз келеме? Кириңизлер тартынбай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жоқ, биз кетемиз. Үйге барыўымыз керек,—дедик биз уялып.

—Мейли, бара қойыңызлар. Оқыўға келгениңизде-ақ мектепти көрерсизлер. Мен онда қараңғы түспестен бурын отын терип қайтайын.

Қолына орағы менен арқанын услаған Дүйшен отынға кетти. Бизлер де қапшығымызды арқалап, аўылға, қарай жүрип киятырмыз. Бирден мениң басыма күтилмеген ой сап ете қалды.

— Қызлар, тоқтаңызлар!—деп бақырдым мен, —Келиңиз, тезекти мектептиң жанына төгип кетейик. Қысқы отын көп болады.

-- Ал, үйге бос қапшық пенен барайық дейсең ғой. Оҳ, қандай ақыллысаң-ә!

--Қайтадан терип аламыз ғой.

— Жоқ, кеш болып қалады. Үйдиң иши бақырып таслайды.

Қызлар мени тыңламастан, асығып кетип баратыр.

Бул иске мени сол күни не мәжбүр еткенин өзим де түсинбеймен. Мүмкин тыңламағаны ушын қурдасларыма өкпелеп, айтқанымда турғым келдиме, я кишкене ўақтымнан-ақ мениң қәлеген ойларым үй ишиндеги қатал адамлар тәрепинен аяққа басыла бергенине ашыўландым ба, әйтеўир, сол ўақытта мениң жаңағы жүректи жылытып, күле қараған таныс емес жигитке миннетдарлық көрсетким келди. Мениң келешек тәғдирим менен нағыз ҳақыйқат өмирим барлық қуўанышы, қайғысы менен бирге сол күннен, сол қапшық тезектен басланғанын енди жақсы билемен, буған шын кеўлимнен исенемен де. Мениң булай деп отырғанымның себеби—мине сол күни, өмиримде биринши рет ойланбастан және ҳеш нәрседен қорықпай өзимниң қәлегенимди иследим. Қасымдағы қурдасларым мени жалғыз таслап



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетиўден, мен кейин қарай—Дүйшенниң мектебине жуўырып келдим де қапшықтағы тезекти қапының алдына аўдарып тасладым. Сөйттим де жуўырыўым менен таў етегиндеги ойпаттан тезек териўге кеттим.

Қайда екенин ойланбастан, тап күшиме сыймағандай болып жуўырып жүрмен. Геўдемде жүрегим бир әжайып ерлик ислегендей, қуўаныштан дүрсилдейди. Маған көк жийектеги батып баратырған күн қуўанышымды билгендей сезиледи. Аўа, не себеп бунша жеңил қыймылдап, шадланып жүргенимди күн билиўге тийисли. Буған мен исенемен. Өйткени кишкене болса да, жақсы ис иследим ғой

Күн таў шыңынан еңкейип баратыр. Бирақ ол асығып, жасырынғысы келмей, маған қарай бергиси келгендей сезиледи. Оның нуры жолымды жақтыртып тур: мине гүзги жер қызғылт, сары, ақшыл нурдан жалтырайды. Ол мениң қырық жамаў пешпентимниң илгегинде де жалындай таўланып тур. Ал мен болсам қуўанып алға жуўыраман. Ишимнен аспан менен жерге, ескен самалға:—«Қараңызлар маған! Мен қандай батырман! Еле мектепте оқып, басқаларды да өзим менен бирге апаратуғын боламан» деймен.

Усылай қанша жуўырғанымды билмеймен, соңынан бирден есимди жыйдым. Ойлансам, тезек териўим керек екен. Дөгерегиме қарап түсинбей турман; жазы менен бул жерде мал бағылып, тезек дегениң бәрҳә үйилип жататуғын еди. Енди олар жер жутқандай көринбейди. Мүмкин, мен жақсылап излемеген де шығарман. Әйтеўир мен анажақ-мынажаққа жуўырыў менен болдым. Бирақ жуўырған сайын маған тезек ушыраспай-ақ қойды. Сонда мен жақты барында қапшығымды толтыра алмайтуғынымды сезип қорқып кеттим. Шөп арасына асығыс кирип кетип, тезек излей басладым. Зорға дегенде ярым



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапшық жыйнастырдым. Бул ўақытта күн батып, қараңғы тез түсе баслаған еди.

Ҳеш ўақытта далада бунша кеш қалып көрмеген едим. Аламсыз түнерген таў шыңлары қараңғы түнге қапланды. Қорыққанымнан қалтырап, қапшығымды арқама қағып салдым да, аўылға қарай қашып киятырман. Бақырып, жылап жибериўим де, мүмкин еди, бирақ мени «егер бундай ҳәлсизлигимди Дүйшен муғаллим көрсе не дер еди? Әлбетте басымнан сыйпамайды» деген ой иркип қалды. Сөйтип мен бекинип алдым да, қапталдан тап Дүйшен муғаллим сығалап турғандай, кейниме бурылмадым.

Үйге мен жуўырып, тер менен шаңға батып келдим, ҳаплығып есиктен кирдим. Ошақ басында отырған жеңгем аларып, орнынан турды. Ол ашыўшақ, турпайы ҳаял еди.

—Сен қайда жоқ болып кеттиң?—деп ол мен бир аўыз сөз айтып үлгерместен-ақ ийнимдеги қапшықты жулып алып, есик бетке ылақтырып жиберди. — Азаннан бери жыйнағаның усыма?!

Қурдасларым қашан-ақ оған бәрин жеткерген екен.

—Ах, сен қап-қара ҳайўан! Неге мектепке бардың? Сол жерде сәррийип, өлгениңде қандай жақсы болар еди!

Ол қулағымнан қысып услап, басыма муш пенен урып атыр,—Сасық жетимек! «Қасқырды қанша күтсең де, тоғайға қашады» деген усы-дә! Журттың балалары үйине әкелсе, бул үйден әкетеди. Мен саған мектепти көрсетейин. Қәне, соған жақынлап көрши, аяғыңды ғана сындырайын. Мектептиң не екенин сонда түсинерсең...

Мен үндемей, жыламаўға тырысып турман. Соң ошаққа от жағып отырып, алдымдағы еркелеген пышықтың арқасын сыйпап, сес шығармастан жыладым. Жеңгейдиң етимди көгертип урғанына жылағаным жоқ, мен оған



www.ziyouz.com kutubxonasi

әллеқашан-ақ көнлигин кеткенмен, ал енди оның мени мектепке жибермейтуғынына түсинип, соған жыладым.

Соннан еки күн кейин азан менен аўыл ийтлери шабаланып үрип адамлардың қатты шыққан даўыслары еситилди. Қарасақ Дүйшен үйме-үй кирип, балаларды оқыўға жазып жүр екен. Ол ўақытта бизиң аўылда көше жоқ еди. Қыйсық ылашықлар дус келген жерге тигилип, ҳәрким қәлеген жеринде отырған. Дүйшен менен оның қасындағы бир топар балалар шаўқымласып, бир үйден екинши үйге кирип жүр.

Бизиң үй аўылдың ең шетинде еди. Жеңгем екеўмиз есиктиң алдында тары түйип, ал ағай болса базарға апарыў ушын сарайдағы урадан бийдай шығарып атыр еди. Бизлер устаханадағы балғашылардай гезеклесип, аўыр келсапты үсти-үстине урамыз. Сонда да мен муғаллим еле узақтама дегендей жалтақлап қараўға үлгерип турман. Дүйшен бизиң үйге келмей кетеме деп қорқаман. Жеңгемниң мектепке жибермейтуғынын билсем де, Дүйшен усы жерге келсе екен, ең болмаса мениң қайда туратуғынымды көрсе екен деймен. Ишимнен: «Муғаллим басқа жаққа бурылып кетпей, үйге келгейдә» деп қудайға жалбарынаман.

—Саў барсызба жеңгей? Илайым, қолыңызға аллатала қуўат берсин. Егер ол бермесе мына биз топарымыз бенен көмеклесемиз. Қараңыз, қанша адам бармыз!—деп ҳәзиллесип Дүйшен жеңгей менен сәлемлести. Ол кейнинде болажақ оқыўшыларын ертип алыпты.

Жеңгем оған жуўап ретинде бир нәрсе деп гүңкилдеди, ал ағай болса урадан басын да көтерген жоқ.

Дүйшен буған кеўил бөлмей, сол жерде жатырған келиниң үстинде отырып, қалтасынан қағаз-қәлемин шығарды:

—Бүгин биз мектепте оқыў баслаймыз. Қызыңыздың жасы нешеде?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Женгей жуўап қайтармай, ашыўланып келисин түйе берди. Оның муғаллим менен сөйлескиси де келмеди. Мен ишимнен: енди не болар екен? деп қорқып турман. Дүйшен маган қарап, жымыйып күлди. Буған бул сапары да жүрегим жылып қоя берди.

—Нешеге шықтың, Алтынай?—деп сорады ол.

Мен женгемнен қорқып индемедим

—Не қылайын деп един нешеге шыққанын? Көрдиңбе оның тергеўши бола қалғанын!—деди женгей ашыўланып.—Ол оқый алмайды. Бундай жетимек түўе ата-анасы бар балалар да оқымай жүр. Ана жыйнаған күшиклеринди алдыңа сал да,мектебиңе кете бер. Бул жерде ҳеш сенлик ис жоқ.

Дүйшен орнынан секирип турды.

—Сиз ойланып сөйлеңиз! Жетим қалғаны ушын бул қыз гүнәкар емес ғой... Я жетимлер оқымасын деген закон барма?

—Сениң законыңның маған кереги жоқ. Мениң өз законым бар. Билдиң бе?Сен өйтип үйретпе маған!

—Бәримиздеги бир закон. Егер бул қыз саған керек емес болса, онда ол бизге, совет ҳүкиметине керек. Оған қарсы болады екенсиз—орныңызды көрсетип қоямыз!

— Қайдан шыққан баслықсаң өзи!—деп алан-бурқан болды женгей.—Сениңше оны жумсайтуғын ким? Аўқат берип, кийиндирип жүрген мен бе, я қаңғыбас сен бе?

Егер усы ўақытта урадан ағайдың басы көринбегенде бунын не менен тынары белгисиз еди. Ағай ҳаялы үй ийеси барын умытып, өзине тийисли емес жумысқа араласса шыдамай кететуғын еди. Сол себепли талай рет ҳаялын аямай сабап та жүрди. Усы сапары да ол ашыўға минип ҳаялына аларып қарады:

—Ҳей, қатын!—деп бақырды ол урадан шығыўға тырысып.—Қашаннан бери сен үй басқарып, хожайын болып едиң? А...? Былшылдыны азайт та, алдыңдағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жумысты исле! Ал, сен Тастанбектиң баласы, қызды ал да қайқай. Қәлесең оқыт, қәлемесең отқа үйт. Қәне, турмаң бул жерде!

—Солайма! Оны мектепке қаңғытып қоясаң да, бундағы жумыслардың бәрин маған исле дейсең ғой,—деп жеңгем бақырып киятыр еди, күйеўи оған аларып қарап:

—Болды, қысқарт!—деп иркип таслады.

Жаманлықсыз жақсылық жоқ екен ғой. Мине биринши рет мениң мектепке барыўым усылай басланды.

Сол күннен баслап Дүйшен ҳәр күни азанда бизлерди үйме-үй жыйнап алып, мектепке әкетип журди. Биринши рет оған келгенимизде, муғаллим бизди сабан төселген жерге отырғызып, ҳәр қайсысымызға бир-бирден қәлем, дәптер және кишкене тахтай берди...

—Тахтайды дизеңизге қойың, жазыўыңызға қолай болады,—деп түсиндирди ол.

Оннан соң Дүйшен бизге дийўалда қыстырыўлы турған сүўретти көрсетип:

—Бул Ленин!—деди.

Мен сол портретти бәрҳа ядымда сақлайман. Соңынан ондайды әйтеўир гезлестире алмай-ақ қойдым. Сонлықтан мен оны «Дүйшенниң Ленини» деп журмен. Бунда Ленин кеңлеў френич кийип, жаралы қолын ақ шуберек пенен мойнына таңып түсипти. Жузи солғын, сақалы өскен. Кепкасын желкесине ысырыңқырап кийипти. Жайпарахат, тигилип қараған көзлери бизге: «Сизлерди қандай жақсы келешек күтип турғанын билесизбе, балаларым!» деп турғандай еди. Сол минутта маған Ленин шынында да мениң келешегимди ойлап турғандай сезилди.

Ернеги сәл жыртылып, букленген жериниң қыйылыўына қарағанда жай гана ақ қағазға түсирилген бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

сүўрет Дүйшенде көп ўақыттан берли сақланып журсе керек. Усыннан басқа ҳеш нәрсе диййуалға илинбепти.

—Мен сизлерге оқыў, санаўды үйретип, ҳәрип пенен цифрлардың қалай жазылыўын көрсетемен, балалар,— деди Дүйшен.—Билгенимниң бәрин сизлерге үйретемен...

Шынында да ол бизге өз билгениниң бәрин шыдамлылық пенен үйрете баслады. Ҳәр қайсысымыздың қасымызға келип, қәлемди қалай услаўды көрсетип, қыйын сөзлерди түсиндиреди.

Енди ҳәзир бул ҳаққында ойлап, өзимнен-өзим таңланаман: шала саўатлы, сөзлерди бөлип-бөлип зорға оқыйтуғын бул жигит қолында ҳешқандай китап, ол түўе жай ғана элиппеси болмай турып, бундай ҳақыйқый уллы иске қалай қол урды екен? Жети атасынан бери қарай саўатсыз адамлардың балаларын оқытыў аңсат ис емес ғой!

Әлбетте, Дүйшенниң программа жөнинде, оқытыўдың методлары жөнинде ҳеш қандай түсиниги де болмады. Шынын айтқанда ол бундай нәрселердиң бар екенин де билмеди. Ол бизди қолынан келгенинше, керек деп билгенинше оқытты. Бул жумысқа оның шын журектен берилип, еткен мийнетиниң босқа кетпегенине ҳәзир мениң көзим жетеди.

Аўа, ол қандай ерлик ислегенин өзи де сезбеди. Бул шынында да нағыз ерлик еди. Себеби аўыл шегарасынан былай шығып көрмеген сол күнги қырғыз балалары—бизлерге жарықларынан қарлы таўлар көринип турған гөне атқора—мектепте бурын қулақ еситпеген жаңа өмир ашылды.

Дәл усы жерде биз Ленин туратуғын Москва деген қаланың Әўлийе-Атадан мың мәрте, ал Ташкенттен бир неше рет үлкен екенин, дүнья ушы-қыйры жоқ, тап



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талас даласындай теңизлер барын және оларда таўдай корабльлердиң жүзип жүретуғынын еситтик. Биз тағы да базардан әкелинетуғын лампамайдың жер астынан шығатуғынын билдик. Гөне сарай ишиндеги сабан үстинде муғаллимди тыңлап отырған бизлер егер елимиз сәл байыңқыраса мектебимиз кең айналы, үлкен ақ жайда орналасатуғынына ҳәм онда оқыўшылардың сулыў ағаш парталарда отыратуғынына анық исенетуғын едик.

Әлиппеге жаңа түсип, еле «ата», «ана» деп жаза алмай жүрген бизлер алды менен «Ленин» деп жазыўды үйрендик. Бизиң сиясий сөз байлығымыз «бай», «жарлы», «совет» деген түсиниклерден ибарат еди. «Еле сизлерге «революция» деген сөзди жаздырып, үйретемен» деп ўәде беретуғын еди Дүйшен.

Муғаллимди тыңлап отырғанда бизлер де Дүйшен менен бирге фронтта жүрип, ақлар менен урысатуғын едик. Ал, ол Ленин ҳаққында кеўли елжиреп, тап өз көзи менен көргендей етип айтады. Олардың көбиси Ленин ҳаққында халық аўзында айтылып жүрген ертек екенин енди түсинип жүрмен. Бирақ булар бизлерге шын ҳақыйқат болып көринетуғын еди.

Бир сапары биз Дүйшеннен:

—Муғаллим, сиз Ленин менен сәлемлесип, көристиңизбе?—деп сорадық.

Сонда ол муңайып, басын шайқады:

—Жоқ, балалар, Ленинди мен өз көзим менен көре алмадым.

Ол гүрсинип, төмен қарады. Шамасы, өзин айыплыдай сезсе керек.

Ҳәр айдың аяғында Дүйшен өз жумыслары менен жаңа болыс турған жаққа пияда кетип, үш-төрт күннен кейин қайтып келип жүрди. Бул күнлери бизлердиң ишимиз писетуғын еди. Егер мениң туўысқан ағам болса, мүм-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кин оны да Дүйшенниң келиўин күткендей етип, шыдамсызлық пенен күтпес едим. Жеңгем билип қоймасын деп, жасырын есик алдына шығып, жолға узақ тигилип қарайман: солдат шекийнесин арқалаған муғаллимим қашан көринер екен, оның жүректи жылытатуғын күлкисин қашан көрип, билим әкелетуғын сөзлерин қашан еситер екенмен?

Дүйшенниң оқыўшылары ишиндеги ең үлкени мен едим. Мүмкин усыннан ба, я басқа да бир себептен бе, әйтеўир мектепте басқалардан жақсы оқыдым. Муғаллимниң ҳәр бир сөзи, ол көрсеткен ҳәр бир ҳәрип—бәри мен ушын қәдирли болды. Маған оның үйреткенлерин билиўден артық дүньяда ҳеш нәрсе қымбатлы емес еди. Мен оның берген дәптерин кир жуқтырмай, муқыятлап сақладым. Көрсеткен ҳәр бир ҳәрибин көринген нәрсеге—гә орақтың ушы менен жерге, гә көмир менен дийўалға, биресе шыбық пенен қарға, топырақларға жазып жүрдим. Мен ушын дүньяда Дүйшеннен артық билимли, оннан артық ақыллы адам жоқ еди.

Қыс жақынласып қалды. Қар жапқанша бизлер мектепке киятырып дөң етегиндеги сайызлаў дәрьядан кешип өтип жүрдик. Соңынан бул мүмкин болмай қалды—сарқырап аққан муздай суў аяқ тоңдырады. Әсиресе, жас балалар қатты қыйланды. Соннан соң Дүйшен оларды өзи өткеретуғын болды. Биреўин арқалап, екиншисин қолына көтереди. Сөйтип, қашан балалар таўсылғанша дәрьяны кешеди де жүреди.

Ҳәзир енди бул жөнинде ойласам, усылай болғанына исенгим келмейди. Сол ўақытта адамлар өзлериниң наданлығынан ба, я ойсызлығынан ба, Дүйшенниң бул исине күлетуғын еди. Әсиресе таў жақта қыслап, аўылдағы ун қаразға келетуғын байлар оны масқаралап жүрди. Түлки малақай, қымбат постын кийип, үркек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

семиз атқа минген олар бир неше рет өткел жанында биз бенен қатарласып, Дүйшенге таңлана қарайды. Олардан биреўи шыйқылдап күлип, жолдасының бүйиринен түртеди:

—Анаң қара, биреўин арқалап, екиншисин қолына көтерип жүр.

Сонда екиншиси суў ишип, пырылдаған атына қамшы урып, сөзге қосылады:

—Әҳ, мийи жоқ басым, бурын билмедим гой. Болмаса екинши ҳаял етип усыны алар едим!

Ат туяғынан бизге суў менен батпақ шашыратқанлар гарқылдап күлисип, шапқыласып өтип кетеди.

Сол ўақытта мениң жаңағы адамларды қуўып жетип, атының жүўенинен жулқып услап, мысқыллаған жүзине: «Муғаллимди олай масқаралamaң! Сизлер нағыз ақмақ, оңбаған адамларсыз!» деп бақырғым келеди. Бирақ жас қыз—мениң қолымнан не келеди? Тек көзиме келип қалған ызалы жасымды билдирмеўге тырысаман. Ал Дүйшен болса жаңағы масқаралаған сөзлерди еситпегендей болып, оған кеўил де бөлмейди. Қайта қызық нәрселер айтып, бәримизди ишек-силемиз қатқанша күлдиреди.

Дүйшен қанша тырысса да көпир салыўға ағаш таба алмады. Бир сапары мектептен киятырып, кишкене балаларды үйине қайтарып жибердик те, Дүйшен екеўимиз дәрья жағасында қалдық. Ҳәр жерге тас үйип, аяққа суў жуқтырмай ырғып өтетуғын өткел соқпақшы болдық.

Егер ҳақыйқатын ойлағанда аўыл адамлары ушын бирлесип, дәрья үстине бир-еки ағаш таслаў ҳеш қыйынға соқпас еди және демниң арасында оқыўшылар өткендей паяпыл да тайын болар еди. Бирақ барлық бәле сол күнги саўатсыз адамлардың оқыўға ҳеш қандай итибар бермеўи де болды. Олар Дүйшенди басқа



www.ziyouz.com kutubxonasi

иси болмаған соң балалар менен ойнап журген әўмесер деп ойлады. Солай болғаннан кейин мейли, қәлесе оларды оқытсын, қәлемесе үйли-үйине қуўып жиберсин. Бизиң онда қандай жумысымыз бар?—деп турғандай еди олардың жүзлери. Ал, өзлери болса атлы жүргенликтен паяпылға зәриў емес. Сонда да халықтың: не себеп мына өзлеримизден ақылы да, ойы да кем емес жас жигит барлық қыйыншылық, жоқшылықларга төзип, күлки менен масқаралаўларға да шыдап, бизиң балаларымызды оқытып жүр? Оның бул исте соншама өжетлик көрсетип, қолдан келмес қайсарлық етиўи қалай?—деп аз да болса ойланыўы керек еди...

Сол күни, дәрьяның ҳәр жерине биз тас үйип атырған ўақытта жерде қар бар және сарылдап аққан таў суўы сондай суўық—қол тийсе денең түршиккендей еди. Дүйшенниң буған қалай шыдағанын көз алдыңа келтириўдиң өзи қыйын. Өйткени ол жеңи менен балағын түринип, музлы суўда тынбастан иследи. Мен болсам ағыс түбине аяғымды еплеп басаман. Суў астындағы таслардың дене түршиктиргени сондай—ҳәмме жериме шоқ басқандай еди. Дәрьяның ортасына бармай-ақ тамырларым тартылып қатты да қалды. Мениң бақырып, ийилиўге де шамам келмей көзимниң алды тынып, әсте ақырын бир қапталыма қулай басладым. Дүйшен қолындағы тасын ылақтырып жиберди де қасыма жуўырып келди. Мени қолына көтерип алды да, жағаға алып шығып, шинелиниң үстине отырғызды, бирese аяғымды ысқылап, бирese муздай қолларымды аўзы менен қатты үрлейди.

—Суўға түспе, Алтынай. Усы жерде отыр. Жылынып ал,—деди ол маған.—Өзим-ақ буны питкеремен.

Ақыры өткел де тайын болды. Етигин кийип атырған Дүйшен тоңып, үрпейип отырған маған күлимсиреп қарап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қалай, көмекши, жылындың ба? Шинельди жамылып, жақсылап қымтанып ал!—деди.

Ол азырақ үндемей турды да:—Баяғыда мектептин алдына тезек төгип кеткен сенбе един, Алтынай?—деп сорады.

— Аўа,—дедим мен.

Ол мыйығынан күлди. Түри«өзим де солай ойлаған едим» деп турғандай.

Сол ўақытта қуўаныштан қызарып кеткеним еле есимде. Демек, муғаллим көзге онша көринбейтуғын усы бир кишкене ўақыяны умытпапты. Буған мениң төбем көкке жетип, өзимди бахытлы сездим. Қуўанышлы түриме қараған Дүйшен еркелетип:

—Айналайын, мөлдир булағым,—деди.—Оқыўға да жүдә зейинлисең... Эҳ, сени үлкен қалада оқытарма еди. Қандай жақсы адам болып шығар един!

Дүйшен тез-тез адымлап, дәрьяның бойына барды.

Таўдан қулап, сарқырап аққан дәрья бойында аспандағы гүмистей бултларға тигилип турған Дүйшен еле көз алдымда.

Ол сонда не жөнинде ойлады екен? Мүмкин, өзинше мени шыны менен-ақ қалаға оқыўға жибердиме екен? Ал мен болсам сол минутта Дүйшенниң шинелине оранып алып, ишимнен: «Қәне ол мениң туўысқан ағам болса! Онда оны қатты қушақлап, мойнына асылыўым менен қулағына дүньядағы ең бир жақсы сөзлерди сыбырлар едим. О, жаратқан алла, оны маған туўысқан ағам етши!» деп отырман.

Сол күнлери бәримиз де муғаллимди оның адамгершилиги, жақсы ойы, бизиң келешектеги бахытымызды әрман етип айтқан жыллы сөзлери ушын сүйетуғын един. Бизлер сонда жас бала болсақ та буны жақсы түсиндик. Болмаса күн сайын узақ жүрип, көкиректен ийтерген суўық самал менен алысып, дөң басындағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

мектепке барыўға бизди ким мәжбүр етти? Ҳеш ким. Биз өзимиз баратуғын едик. Аўыздан шыққан демимиз жағаға қыраў болып жабысатуғын бул суўық сарайға ҳешким бизди қуўып әкеле алмас та еди. Мине, усы суўық атқорада оқыўымызды даўам еттирдик. Қуўыстағы печь жанына жылыныўға да тек бирнмлеп ғана баратуғын едик.

Усындай шымыры аяз күнлердиң биринде, умытпасам январьдың аяқларында, Дүйшен бизлерди үйме-үй жыйнап, мектепке алып кетти. Ол үндемей төмен қарап, қабағын қарс жаўып, жүрип киятыр. Қыймылсыз жүзи— күйдирген темирден соққандай. Биз бурын муғаллимди ҳеш ўақыт та бундай түрде көрмеген едик. Оған қарап, бизлер де үндемей киятырмыз. Бир нәрсе болып қалғанын жүрегимиз сезип тур.

Алдымыздан үйилген қарлар ушырасса бурын Дүйшен биринши болып жол салатуғын еди. Екинши болып мен, оннан соң қалғанлары дизилисип жүреди. Бүгин де таў етегинде қар үйилип қалған екен. Дүйшен алдымызға түсти. Гейде адамның арқасынан қарап-ақ оның кеўилкүйин, ишки ойын бирден сезиўге болады ғой. Мине ҳәзир де биз муғаллимимиздиң аўыр қайғыға дуўшар болғанын билдик. Ол басын төмен түсирип, аяғын зорға сүйреп басып, жүрип баратыр. Сондағы көз алдымда қара менен ақтың гезеклесип көриниўин еле умытпайман: алдымызда қара шинель кийип баратырған, енсеси түскен Дүйшен, жоқары тик жарда өркешленген аппақ қар, оннан да жоқарырақ аспанда гүмистей жалтыраған ақ булт.

Бизлер мектепке келгенимизде Дүйшен бурынғыдай от жақпады.

—Түргелиңизлер!—деп буйырды ол.

Ҳәммемиз орнымыздан турдық.

—Бас кийимлериңизди алыңлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер айтқанын қылдық. Олда буденновкасын қолына алды. Неге булай деп түсинбей турмыз. Сонда ол қайғылы даўыс пенен:

—Ленин өлди. Ҳәмме жерде адамлар ҳәзир матам тутпақта. Сизлер де орныңызда қыймылдамай турыңызлар. Мына жаққа, мына сүўретке қараң. Усы бүгинги күн ядыңызда мәңги сақланатугын болсын!—деди.

Мектебимизде терең тынышлық орнады. Ҳәтте жарықтан төселген сабанның үстине сытырлап жаўып атырған қардың тысырлысы еситиледи.

Сол минутта, шаўқымлы қалалар тынып, жер силкиндирген заводлар менен жолда кетип баратырган поездлар тоқтап, барлық дүнья жүзи қайғыға шүмген ўақытта, халықтың кишкене бир тамшысы болған бизлер де дем алмастан, муғаллимимиз бенен бирге салтанатлы караўылда турып, ҳешкимге белгисиз суўық сарайда Ленин менен хошластық. Аўыр азаға қыйланған ҳәр қайсымыз өзимизди Ленинге ең жақын, оның өлимине ҳәммеден бетер қайғыратугын адам деп санадық. Ал, бизиң сүўреттеги қыстырыўлы Ленинимиз болса баяғы сәл кеңлеў френчин кийип, жаралы қолын мойнына байлаўы менен бизге дийўалдан қарап тур. Биринши көргендегидей оның тигилип қараған көз қарасы бүгин де бизге: «Сизлерди қандай жақсы келешек күтип турғанын билсеңиз еди, балалар!» деп турғандай. Усы бир тып-тыныш минутта ол шынында да мениң келешегимди ойлап турған тәризли болып көринди.

Дүйшен көз жасын жеңи менен сүртип:

—Бүгин аўыл советке кетемен. Сонда партияға өтиўим керек. Үш күннен соң қайтып келемен...—деди.

Мен ушын бул үш күн өмиримде гезлескен қыс күнлериниң ең аўыры болып ядымда қалыпты. Тәбияттың белгисиз бир зор күши өмирден кеткен уллы адамның жердеги орнын толтырғысы келгендай-ақ, қарлы боран



www.ziyouz.com kutubxonasi

уйытқытып, көз аштырмайды. Тәбият күши тыным таппай урынып, зарлайды. Суўық самал гүўилдеп, сақылдаған аяз болды. Аўылымыз жансыз түрге киргендей далаға ҳешким шықпайды. Тек моржалардан ҳәлсиреп көтерилген түтинди қатты ескен суўық самал қушақлаўы менен узақларға алып баратыр. Ҳәдден асқан аш қасқырлар күни менен жолда жортып, түнде тап есиктиң босағасына келеди. Олардың улыған даўыслары азанға шекем тынбай еситилип турады.

Мен муғаллимди қатты қайғырдым. Ол усы боранда постынсыз, жалғыз шинельде қалай жүр екен? Ол аўылға қайтатуғын күни пүткиллей есимди жоғалттым. Мүмкин, жүрегим бир жаман ис болатуғынын сезген шығар. Әйтеўир қайта-қайта үйден жуўырып шығып, жолда муғаллим көринбеспе екен деп қарлы далаға қадала қарайман. Бирақ онда ҳеш бир жан сезилмейди.

«Қайдасаң сен, муғаллим? Түнге қалмай, ертерек келиўиңди жалынып сорайман. Еситесең бе, муғаллим? Бизлер сени күтип жүрмиз! Күтип жүрмиз, бизлер!» Бирақ мениң бул үнсиз бақырғаныма дала жуўап бермеди. Соннан соң көзимнен жас сорғалап, жылап жибердим.

Далаға жуўырып шыға бергенимди жақтырмаған жеңгем;

—Сен бүгин қапыға тынышлық бересең бе, жоқ па? Балаларды аязлатасаң ғой, оңбағыр! Анаў орныңа барып омалып, жибиңди ийир! Екинши рет шығып көр, қане!—деп қорқытып, мени далаға жибермеди.

Күн кеш болды. Бирақ мен муғаллимниң келген-келмегенин биле алмадым. Сонлықтан отырарға орын таппай жүрмен. Биресе ол қашшан-ақ аўылға келген шығар, бурын айтқан ўақтынан ҳасла кешикпейтуғын еди ғой деп өзимди-өзим жубатаман. Биресе аўырып, әсте-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақырын киятырған шығар деймен, биресе мына уйтқыған боранда адасып кетиўи сөзсиз деп қорқаман. Қолларым өзиме мойынсынбай, исим өнбей-ақ қойды. Уршықтағы жибим тез-тез үзиле берди. Буған жеңгем алан-бурқан болып ашыўланып:

—Бүгин сениң қолыңа не бәле келди? Я олар ағаштай болып қатып қалдыма? — деп алара қарайды.—О, ҳарам қатқыр сениң! Бар, оннаншы ана Сайқал кемпирдиң қапшығын апарып бер.

Мен қуўанғанымнан ырғып түсейин дедим. Өйткени Дүйшен тап усы Сайқал кемпирдиң үйинде туратуғын еди. Сайқал менен оның күйеўи Қартанбай ғарры, екеўи де мениң апамның ағайинлери. Сонлықтан мен олардикинде тез-тез болып, гейде қонып та қалып журдим. Жеңгем усыны ойлады ма, я қудай аўзына салдыма, әйтеўир қапшықты алдыма ылақтырып таслап:

—Сен мени ашлықтағы ыржаңгайдай бийзар еттиң. Жоғал көзимнен! Кемпирдиң үйинде қонып қалыўыңада болады,—деди.

Мен далаға жуўырып шықтым. Самал порқандай қутырынып, биресе ишин тартып турады да, соңынан топылып, муздай қар ушқынларын бетке шашады. Мен қапшықты қолтығыма қысып, ат туяқларынан пайда болған кишкене соқпақ пенен аўылдың екинши шетине жуўырып киятырман. Басымда тек «муғаллим келдиме екен»? деген жалғыз ой.

Үйге кирип келсем, ол жоқ екен. Демимди зорға алып, босағада турған мени көрип, Сайқал кемпир қорқып кетти:

—Не болды саған? Аманлықпа, неге бунша жуўырдың?

—Жайша, өзим... Мине, қапшығыңызды әкелдим. Бүгин усы жерде қонып қалсам болама?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қона ғой, қарағым. Кемпирди бунша қорқытқаның не, жарамас қыз? Отқа жақын отыр, жылын. Гүзден бери үйге басыңды сукпай кеттиң ғой.

—Гөш ас, кемпир. Алтынай сорпа ишсин, Дүйшен де кешиктей келип қалар,—деди Қартанбай ғарры.—Онын әлле қашан келиўи керек еди. Ҳеш гәп болмас, бизиң жаман ат үйге қарап тез жүреди.

Түн болып, қараңғы түсти. Жүрегим қаўлығып, қараўылда турғандай. Ийт үрип, адамлардың даўсы шықса болды, қулақ түре қаламан. Бирақ Дүйшен еле жок. Сайқал кемпир гүрриң айтып, ўақытты қысқартпағанда дым қыйын болар еди.

Усылайынша биз оны саат сайын күттик. Ярым ақшам болғанда Қартанбай шаршап:

—Қой енди, төсек сал, кемпир. Бүгин ол келмес, ярым ақшам болды ғой. Баслықлардың жумысы көп. Дүйшенди услап қалған шығар. Болмаса қашшан-ақ келер еди,—деди.

Ғарры орнына жатты. Маған печьтиң қуўысына төсек салып берди. Бирақ мен уйықлай алмадым. Ғарры тынбай жөткиринип, төсегинде аўнақшыўы менен құдайға сыйынып сыбырлайды. Бир ўақытта ол даўсын шығарып:

—Атқа қыйын болады-аў ол жақта. Пишенди ҳешким ешейин бермейди. Арпаны болса, ақшаға да сатып ала алмайсаң,—деди.

Бир майданнан кейин ол уйықлап қалды. Енди маған самал тынышлық бермеди. Ол ҳуўилдеп әйнекти урып, жайдың төбесин сытырлатады. Сырттағы дийўалға соққан қардың даўысы да еситиледи.

Ғаррының сөзи мени жубата алмады. Маған муғаллим бүгин келетуғындай болып көринди. Қараңғы түнде,қалың қар арасында жалғыз өзи киятырған муғаллим



www.ziyouz.com kutubxonasi

көз алдымнан шықпайды. Қанша уйықлағаным ядымда жоқ, әйтеўир бирден басымды көтериўге мәжбүр болдым. Улыған ашшы даўыс еситилди. Қасқыр! Және жалғыз емес-жүдә көп. Олар ҳәр жақтан бир-бирине хабарласып, бир жерге тез жыйналып атыр. Олардың улыған даўысы енди бир үнге қосылып, самал менен биресе жақынласып, биресе узақлайды. Гейде ол аўыл шетинде еситилип турғандай болады.

—Боран күшейип киятыр,—деди кемпир.

Ғарры үндемей, сыртқа қулақ салып, орнынан ырғып турды.

—Жоқ, кемпир, бул тегин емес! Олар биреўди қуўып киятыр. Я адам, я атты қоршап алды. Еситип турсаң ба? Қудайым Дүйшен болмағайда! Ол қорқыныштан сесkenбейтуғын алаңғасарлаў еди.—Қартанбай қараңғыда постынын излеп, қармаланып жүр. — Шыра жақ кемпир, тезирек! Өйбей-аў, болшы жылдам, қудай ҳақына.

Қорқыныштан қалтырап бизлер орнымыздан ырғып турдық. Сайқал кемпир шырпы излеп, шыра жаға алмай жүргенде, қасқырдың улыған даўысы бирден тына қалды.

—Қуўып жетти нәлетлер,—деп бақырған Қартанбай қолына кесеўди алып, сыртқа шықпақшы болғанда далада ийт үрди. Биреў қарды сықырлатып, әйнек алдынан жуўырып өтти де, асығыс түрде қапыны ура баслады.

Ишке суўық самал лап берди. Ол тарқала басланғанда биз жүзи қуўарған Дүйшенди көрдик. Ол демин зорға алып қалшылдап, дийўалға сүйенди.

—Мылтық керек!—деди даўсы қалтыраған ол.

Биз оны түсинбегендей қалшыйып турмыз. Мениң көзим тынып, басым айланды. Ғаррылардың:

—Қара қой—қудай жолына, ақ қой да қудай жолы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ка! Иләйым Баҳаўатдийин пайғамбар жылаўында болсын. Рас-ақ мынаў сенбисең?—деген сөзлери маған емис-емис еситиледи.

—Мылтық, мылтық бериң:—деп қайталайды Дүйшен.

—Мылтық жоқ, қайда барасаң?

Кемпир-ғарры Дүйшенниң қолына асылды.

—Онда шоқмар таўып бериң!

Ғаррылар оны тыңламай, жалына баслады:

—Бизлер тири турғанда ҳеш қайда бармайсаң. Дәслеп бизди усы жерде өлтирип кет!

Мениң бирден тула бойым босасып, төсекке жаттым:

—Үлгере алмадым, тап үйдиң жанында кейниме жетти —Дүйшен аўыр дем алып, қолындағы қамшысын қапталға ылақтырып таслады.—Жолда шаршаған атты қасқырлар қуўды. Ол бийшара аўылға шекем жеткермей келди де, мына жерде омақазан атып қулады. Қасқырлар оған жабылып, сүйреп атырған шығар.

—Мейли, атамның аяқ ушына. Өзиң аман қалсаң болар. Егер ат жығылмағанда, олар өзиңди де саў жибермес еди. Усылай болғанына қайта шүкир ет. Шешин қәне, отқа жақынлаў отыр. Бери әкел, етигиңди тартайын,—деп Қартанбай албырап жүр.—Кемпир сен аўқатты ысыт.

Дүйшен ошақ басына отырғаннан соң барып, Қартанбай жеңил дем алды.

—Болған ис қайтып келмейди. Ал сен неге бунша кеш қайттың?

—Жыйналыс узаққа созылды, Қараке. Соңынан партияға өттим.

—Жақсы болыпты. Ертең азанда-ақ қайтсаң болмай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ма? Артыннан биреў мылтықтың қундағы менен урып қуўдыма, сонша?

— Оқыўшыларға бүгин келемен деп ўәде берип едим. — деди Дүйшен,—Ертең азанда оқыў баслаймыз.

—Ўай, ақмақ-әй!—Қартанбай таңланып, бас шайқады.—Мынаның сөзин еситтиңбе, кемпир? Ол балаларға-- анаў мурны аққан ақмақларға ўәде бергенмиш! Ал, усыннан жолда өлип қалсаң не қылар едиң? Не деп турғаныңды өзиң түсинесең бе, сирә?

— Бул менин миннетим, Қареке. Оннанша бурын пияда жүретуғын мениң усы сапары сизден ат сорап, оны қасқырларға жем қылғанымды айтпайсызба!...

—Қой шырағым. Гәп онда емес. Мен қуршаңқы ушын қыйналып отырғаным жоқ. Мейли, ол сениң басыңның садақасы. Өмирим бойы оңлы атсыз келдим, еле де өлмеспен. Совет ҳүкимети турса, дүнья-мал табылады.

—Дурыс айтасаң гарры,—деп қосылады табақ услаған Сайқал кемпир,—Мә, қарағым, ыссы ўақтында ишип ал.

Олар үндемей қалды. Ошақта жанып турған тезекти аўдарыстырып отырған Қартанбай аздан кейин:

—Түриңе қараса ақыллы-ақ жигитсең, Дүйшен. Бирақ сениң ҳеш теңе түсинбейтуғын муштай балалар менен айланысып жүргениңди сирә түсине алмай-ақ қойдым. Я саған басқа жумыс табылмайма? Онда биреўге шопан болып жаллан. Ең болмаса қарның тоқ жүреди ғой,—деди.

—Сизиң маған жақсылық ойлайтуғыныңызды түсинип турман, Қареке. Бирақ сол ҳеш нәрсеге түсинбейди деген балаларыңыз үлкейгенде сизге усап: мектептиң, оқыўдың не кереги бар?—деп туратуғын болса, онда совет ҳүкимети узаққа бармайды. Ал, сиз—жарлылар оның узақ жасағанын шын жүрегиңизден қәлейсизлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан мектепте ислеў маған қыйын емес, Қареке. Егер мениң қолымнан балаларды еле де жақсырақ оқытыў келгенинде қандай жақсы болар еди. Соннан артық бахыттың маған кереги де жоқ. Ленин де оқыў жөнинде былай деген...

—Тоқтай тур, сөзиңди бөлейин,—деп Қартанбай қолы менен ишарат етти.—Мине, сен Лениинниң өлгенине күйинип журсең. Бирақ, оны көз жасың менен тирилтеалмайсаң! Қәне өмирде тирилтетуғын күш болса! Эх!.. Сен өзиңнен басқалар буған муңайып, қапа болмай журдеп ойлайсаңба? Сен мына мениң ишиме үңилип көр. **Онда күйиктен журек түтеп тур**. Қайдем, сизлердиң сиясатыңа туўра келеме, жоқ па, әйтеўир мен Ленин басқа динниң адамы болса да, күнине бес рет, ҳәр намаз сайын, оған ийман тилеймен... Гейде, Дүйшен, маған сонша жылағанымыздың бәри пайдасыз сыяқлы көринеди. Мениң ойымша Ленин ҳалықтың арасында қалып, оның қанына сиңди. Ол атадан балаға бәрҳә өте береди...

--Рақмет, Қареке, сөзиңиз ушын. Рақмет. Сиз дурыс ойлағансыз. Ол арамыздан кетсе де, биз өмирди Ленинше өлшеймиз.

Олардың сөзин тыңлап жатырған мен ҳақыйқатлыққа эсте-ақырын келе басладым. Дәслеп булардың бәри маған түс сыяқлы көринди. Көпке шекем Дүйшенниң аман-саў келгенине исене алмай жаттым. Енди мениң кеўлиме қуўаныш толқыны лап берди. Жүрегимди қақ айырған қуўаныштан көз жасым сорғалап, еңкилдеп жылап жибердим. Мүмкин усы реттеги мендей болып, өмирде ҳеш ким де қуўанбаған шығар. Бул минутта мийиме ҳеш нәрсе: төбемдеги жай да, даладағы ысқырған боран түн де я Қартанбайдың жалғыз атын жулқылап, жеп атырған көп қасқыр да—ҳеш қайсысы да кирип шықпады. Ҳеш нәрсе де! Барлық денем, журегим, ақы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лым менен шексиз, таўсылмас бахыт сездим. Жылағанымды еситпесин деп, көрпеге оранып, аўзымды бастым. Бирақ, Дүйшен еситип:

—Печь артында солқылдап атырған ким?—деп сорады.

— Алтынай ғой. Бағана қорқып қалып, соған жылап жатыр,—деди Сайқал.

— Алтынай? Қайдан келди?

Дүйшен орнынан ырғып турып, мениң бас ушыма жақынлады. Дизерлеп, отырып ийнимнен түртти;—Алтынай, саған не болды? Неге жылап атырсаң?

Мен терис аўнап түстим де, бурынгыдан бес бетер еңиреп жибердим.

— Не болды саған, бунша неден қорықтың, қарағым? Сондай да болама екен? Сен биздеги ақыллы оқыўшысаң ғой. Кәне, маған қарашы...

Мен орнымнан турып, Дүйшенниң мойнына асылдым: Жас сорғалаған жүзимди оның көкирегине басып, өксип-өксип жылайман. Денем қуўаныштан ысытпадағыдай дирилдейди.

— Қорқыныштан жүреги қозғалған ғой,—деп тынышсызланған Картанбай да орнынан турды.—Бол кемпир, ушықлап, суў бүрик тезирек.

Олардың бәри албырақласып қалды. Сайқал бир нәрселерди гүбирлеп, бетиме биресе жыллы суў, биресе суўық суў бүркип жүр.

Ах, олар егер мениң жүрегимниң үлкен бахыттан «қозғалғанын» билсе еди. Ол жөнинде тил менен айтып жеткериў бәри-бир қолымнан келмейди.

Қашан мен тынышланып, уйықлағанша Дүйшен ыпыссы маңлайымды алақаны менен әсте ақырын сыйпап, бас ушымда отырды.

Қыс өтип, көк-көңбек бәҳәр келди. Қары ерип жумсарған кең даладан жыллы самал еседи. Оған араласа



www.ziyouz.com kutubxonasi

көп шөп, сауылған сүт ийиси мурынға келеди. Тау басындағы музлы қар етип, сарқырап, жулқынып аққан дәрьяға қуйылып атыр.

Мүмкин бул мениң жаслығымның дәслепки бәҳәри болған шығар. Қалай да ол маған бурынғылардан өзгеше, сулыў болып көринеди. Бизиң мектебимиз турған дөң басынан қарасаң әжайып бәҳәрдиң сулыў көриниси көз тартады. Кең пайтахт жер кәрамат узын қолларын жайып жибергендей-ақ таўдан баслап, туў анаў көз ушында булдырап көринген, күн нуры менен жеңил сағымға бөленип гүмистей болып жатқан даланлыққа шекем барып созылады. Бир қапталдан көгилдир көл көринип узақларда киснеген ат даўысы еситиледи. Көз ушынан аспанға тырналар көтерилип, дизилисиўи менен бултқа араласып ушып баратыр. Олар қайдан киятыр және өзлериниң шаңқылдаған даўсы менен бизди қайда шақырады екен?

Бәҳәрдиң келиўине бизлер қуўанысып қалдық. Ҳәр түрли қызықлы ойынлар уйымластырып, бахытлы түрде күлисип жүрмиз. Сабақ тарқаған соң аўылға шекем жуўырысып, бақырысып келемиз. Бул жеңгеме жақпай, ҳәр сапары маған урысатуғын еди:

— Сеники не, бул ойнақлаў, ақмақ? Қызлай қартайғанында жумысың да жоқ. Журттың сендей қызлары қашшан байға тийип, балалы болды. Ал, сен... Мектеп деген ермекти таўып алдың ғой. Асықпа, еле аяқ-қолыңды байлап, байға берермен...

Шынын айтқанда мен жеңгейдиң қорқытқанына онша итибар бермедим. Өмири бойы урысып жүрген оның бул сөзлери жаңалық емес ғой. Ал, мен жөнинде «отырып қалды» деп, өтирик айтады. Усы бәҳәрде тек бойым өсип кеткени болмаса, мен еле жаспан.

— Сен еле кишкене ғана жийрен қызсаң,—деп күле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын еди Дүйшен.—Оның үстине бетинде сепкилме, қалай-аў?

Дүйшенниң бул сөзине мениң сирә-дә өкпелегим келмейди. «Дурыс, мен кишкенемен,—деп ойлайман ишимнен,—бирақ ҳеш те сепкил бет, жийрен емеспен ғой. Еле үлкейип, бой жеткен қыз болғанымда мениң қандай сулыў екенимди жеңгем көрерме еди. Өзиниң қәтелескенин сонда түсинер еди. Дүйшен болса көзиң жулдыздай жалтырайды, жүзиң де ашық дейди».

Бир сапары мен мектептен жуўырып үйге келгенимде есик алдында еки ат байлаўлы тур екен. Олардың ертурманына қарағанда ат ийелери таў жақтан келсе керек. Бурынлары да базарға, я ун қаразға киятырған олар жол жөнекей үйге қайырылып кететуғын еди. Үйге кирместен бурын-ақ жеңгейдиң жәдигөйлене күлген даўысы қулағыма сап ете қалды.

— Жийен бала, сен онша мойныңды ишиңе тарта берме. Жарлы болмайсаң. Соңынан, кептерди қолына қондырған ўақытта маған рахмет айтып, есиңе аларсаң еле. Хи-хи-хи!

Оны хошлап, кеңкилдеп күлген даўыслар еситилди. Мен ишкерпге киргенимде олар бирден тына қалды. Төрде, дәстурхан жанында қызыл бет, семиз адам отыр. Жүзи терлеп, түлки малақайын бастыра кийген ол мени көз астынан бир қайтара шолып өтти де жөткириңкиреп, төмен қарады.

— Ҳаў, қызым, келдиң бе, кир қарағым—деп мени жеңгей жәдигөйлене еркелетип, қарсы алды.

Ағай шеткериректе бийтаныс биреў менен соқта ойнап отыр. Алдыларында аўқат, жанында арақ. Екеўи де мәс. Соқтаны жерге урғанында олардың мойынлары бир түрли былғаңласып кетеди. Сурғылт жүнли пышық дәстурханға мойнын созып киятыр еди, қызыл бет киси басына бармағы менен қатты шертип жиберди. Пышық бар



www.ziyouz.com kutubxonasi

даўсы менен бақырып, тура қашты да мүйешке барып тығылды. Бийшараның басы қатты аўырса керек.

Мениң бул жерден кетким келди. Бирақ оның есабын таба алмай отырман. Сонла жеңгей:

—Қызым, аўыз үйдеги қазанда аўқатың турыпты. Суўып қалмастан бурын жеп ала ғой,—деди.

Мен өжиреден шықтым. Бирақ жеңгейдиң мына өтирикке еркелеткен минези кеўлиме дым унамады. Ишимнен тынышсызланып, бир нәрседен сезикленгендей болдым.

Бир заманнан қонақлар атына минип, таў жаққа кетти. Соннан соң дәрхал-ақ жеңгей күндегисиндей мени ғарғаўға киристи. Буған кеўлим бирнеме жай таўып, ишимнен: «ол да мәс болған соң маған мийирбанлық еткен екен ғой» деп ойладым.

Усыннан соң кешикпей үйге Сайқал кемпир келди. Есик алдында жүрген мен, оның жеңгейге:

— Бунның не қудай-аў. Қыздың көз жасына қаласаң ғой— деген сөзин еситип қалдым.

Олар бир-бириниң гәпин бөлип, бир нәрсе жөнинде бақырысып атыр. Соң кемпир үйден қатты ашыўланып шықты. Ол маған да ашыўланып гә аяғандай болып қарап турды да, ҳеш индеместен кетип қалды. Мениң кеўлим қулазып, бир түрли болдым. Неге ол маған солай қарайды? Кеўлине жақпағандай не иследим сонша?

Ертеңине мектепте Дүйшен қабағын үйип, бир нәрсеге тынышсызланғандай болып жүрди. Ол бунысын бизлерге билдирмеўге тырысады және мен бетке қарамай, көзин басқа жаққа тайдырып әкете береди. Сабақ питип, бизлер топарымыз бенен мектептен шыққанымызда, ол мени шақырып:

— Тоқтай тур, Алтынай,—деди. Муғаллим жаныма келип, көзиме тигиле қарады. Оннан соң ийниме қолын салып:—Сен үйиңе барма. Түсиндиңбе Алтынай?—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорыққанымнан мениң денем қалтырап кетти. Жеңгейдиң не қылмақшы болғанын жаңа түсине басладым.

—Сен ушын өзим жуўап беремен,—деди Дүйшен.— Ал, сен бизиң үйде бол, меннен узақлап кетип жүрме.

Түрим бир түрли өзгерип кетсе керек, әйтеўир Дүйшен ийегимнен көтерип, бурынғыдай күле қарады:

—Қорықпай-ақ қой, Алтынай,—деп жубатты ол. — Жанында мен барда ҳеш кимнен қорықпа. Бурынғыдай мектепке кел, оқы және ҳеш нәрсе жөнинде ойлама. Сениң қорқақ екениңди мен билемен ғой... Айтқандай, саған көптен бери айтарман деп жүрип едим.—Қызық бир нәрсе ядына түскендей, ол жымыйып күлди.—Есиңдеме, баяғы сапары Қареке ерте турып, бир жаққа кетип еди ғой. Сөйтип ол биреўди ертип келип тур. Қарасам, қасындағы Жайнақтың тәўип кемпири екен. «Неге әкелдиң» деп сорасам Қареке: «Мейли, дем салып, Алтынайды емлесин. Қорқып кетип, жас қыздың жүреги қозғалған қусайды»—деди. Ал мен: Қуўып шық оны үйден, болмаса соңынан ол бир қой бермесең кетпейди. Онша биз бай емеспиз ғой. Жалғыз ақты болса қасқырлар жеди» деп кемпирди қайтарғызып жибердим. Сен онда уйықлап атыр едиң. Қареке маған өкпелеп бир ҳәптеге шекем сөйлеспей жүрди. «Сен ғарры кисини өтирикши еттиң» деп гүңкилдейди. Сонда да олар жүдә жақсы, қайырқом адамлар... Қане жүр енди, үйге барайық, Алтынай...

Қаншелли өзимди беккем услап, муғаллимди қапа етпеўге тырыссам да, басыма қорқынышлы ойлар келе берди. Өйткени қалеген ўақытта жеңгей мектепке келип, мени урып-соғып, күш пенен алып кетиўи мүмкин еди Оннан соң үйде олар маған ойына келгенин ислеседе, бу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ны ҳешким еситпейди. Қорыққанымнан түни менен кирпик қақпай шықтым.

Дүйшен, әлбетте, мениң жағдайымды түсинди. Мүмкин, сонлықтан шығар, қорқынышлы ойдан мени сериктирмекши болып, ол ертеңине мектепке ағаштың еки нәлин әкелипти. Сабақтан кейин, қолымнан жетелеп, шетке шығарды.

— Алтынай, ҳәзир екеўмиз бир нәрсе ислеўимиз керек,—деди ол қуўақылана жымыйып.—Мына нәллерди сениң ушын әкелдим. Екеўимиз буны ҳәзир шаншамыз. Олар жуўаныйман дегенше сен де өсип, жақсы адам болып жетилесең. Сен ақыллы, сезгир қызсаң. Сонлықтан мен сени илимпаз болар деп ойлайман. Буған мен исенемен. Көрерсең еле буның дурыс екенин. Ҳәзир сен мына нәлшедей жас баласаң. Олай болса, кел Алтынай, буларды өз қолларымыз бенен шаншайық. Илайым бахытың оқыўдан болғай, жарық жулдызым мениң...

Нәлшелер бойы мендей, жас ғана шыбық екен. Оларды биз мектептиң қапталына шанышқанымызда, таў жақтан ескен самал жан бергендей олардың кишкене ғана жапырағын биринши рет желпип өтти. Жапырақлар дирилдеп, нәлшелер шайқалып бас ийди...

—Қарашы, қандай жақсы—деп Дүйшен кейин бәсип, күлип жиберди. —Енди бул жерге анаў булақтан салма әкелиўимиз керек. Оннан соң булардың қандай сулыў гүжим болғанын көрерсең. Олар усы дөң басында бир туўысқан егиздей өсип турады. Және бәрҳә олар журттың көзине узақтан түсетуғын болады. Ақ пейил, жақсы адамлар буған еле қуўанысып жүреди. Ол ўақытта өмир де басқаша болады Алтынай. Барлық жақсы нәрселер алдымызда, келешекте...

Дүйшенниң бул жақсылығына қаншелли қайыл болғанымды жеткерип бериў ушын ҳәзир де оңлы сөз таба алмай отырман. Ал сол ўақытта мен үндемей, тек оған



www.ziyouz.com kutubxonasi

телмирип қарадым. Оның жүзиниң сондай ысықлығын, көзлериндеги мулайым, ақ пейилликти жумыс ислегенде қолларының қандай күшли, епли екенин, жымыйғандағы күлкисиниң адамның иши-бауырын жылытып жиберетуғынын жаңа ғана көргендей-ақ Дүйшенге қарап тура бердим. Белгисиз бир ыссы сезим көкирегиме қуйылып келип қалды. Мен Дүйшенге умтылып, оған: «усындай адам болғаныңыз ушын мың рахмет сизге, муғаллим. Мениң сизди қатты қушақлап, бетиңизден сүйгим келип тур» демекши болдым. Бирақ, бул сөзлерди айтыўға уялып, батына алмадым. Ҳаслында солай деп айтыўым керек шығар еди деп ҳәзир жүдә ойланаман...

Биз сол ўақытта ашық аспан астында, көгилдир таў шыңларының ортасындағы дөң үстинде турып, ҳәрқайсымыз өзимизше әрман еттик, мен сонда басыма дөнген қаўип жөнинде биротала умытылып кетиппен. Ертең мени не күтип турғанын, еки күннен берли жеңгейдиң неге мени излемегенин ойламаппан да. Мүмкин олар мени умытып кетип, өз еркиме қойыўды ойладыма екен? Дүйшен де бул жөнинде ойлап жүрсе керек:

— Алтынай, сен онша қапа болма. Қалай да бир шешимин табармыз,—деди ол аўылға киятырғанымызда.— Ертеңниң арғы күни мен қалаға барып, сен жөнинде айтып беремен. Мүмкин, сени ол жерде оқыўға алдырарман. Барасаңба?

— Сиз не десеңиз, соны ислеймен, муғаллим,—дедим мен.

Қаланың не екенин көз алдыма келтире алмасам да ол жөнинде әрман етиўиме Дүйшенниң жаңағы сөзи-ақ жеткиликли болды. Биресе таныймайтуғын жерде жасаўға қорықсам, биресе қайтадан ол жаққа барғым келеди. Бир сөз бенен айтқанда усыннан баслап қала мениң ойымнан шықпай-ақ қойды.

Ертеңине мектепте отырып та усы жөнинде ойлай



www.ziyouz.com kutubxonasi

бердим: Онда кимниң үйинде болып, қайда жасайман? Егер биреў үйинде паналатса, онда олардың отынын усақлап, кийимин жуўып, суў әкелип, әйтеўир не буйырса да солардың бәрин ислер едим. Усылар жөнинде ойлап, сабақта отырман. Мектебимиздиң гөне диййўалы аржағында шабысып киятырған атлардың туяқ сести еситилгенде, бирден селк ете қалдым. Атлы адамлар қуйынлатып, тап бизиң мектебимизди басып, женшип кетпекши болғандай-ақ шабысып киятыр. Бизлердиң бәримизде қулақ түрип, тына қалдық.

— Зейин бөлмей, сабағыңызды оқый бериң,—деди Дүйшен.

Соның арасында есик шалқасынан ашылып, босағада турған бизиң жеңгейди көрдик. Ол ызалана күлимсиреп, суўық көзлери менен тигилип қарайды. Дүйшен оның жанына келип:

— Сиз не жумыс бойынша келдиңиз,—деп сорады.

—Саған ҳеш бир байланысы жоқ жумыс бойынша. Үйдеги қызды байға бермекшимен. Ҳәй, сен, гезенде!—деп жеңгей маған умтыла бергенде, Дүйшен оның алдына шығып:

—Бул жердеги оқыўшы қызлар байға бергендей еле ҳешким жоқ!—деди жайпарахат сөйлеп, бирақ қатаң түрде.

—Көрермиз оны. Әй, адамлар, услаң, сүйрең мына қаншықты!

Жеңгей ымлап, биреўди ишкериге шақырды. Ол баяғы түлки малақайлы, қызыл бет киси екен. Оның артында қолларында аўыр шоқмарлары бар еки адам көринди. Олар да атын таслап, асығып киятыр.

Муғаллим орнынан қозғалмады.

—Сен не, үйсиз көпек, журттың қызларын өз қатыныңдай ийелейсең? Жоғал былай!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызыл бет киси соны айтып, айыўдай гүрбеңлеп, Дүйшенге умтылды.

—Сизиң бунда кириўге ҳақыңыз жоқ, бул мектеп,—деди муғаллим қапының тартпасынан қатты услап.

—Айтыл едим ғой мен!—деп бақырды жеңгей.—Оның өзи қашшан-ақ бул қаншықты ийелеп алған!

—Ә, мектебиңниң ишин...—деп бақырды қызыл бет қамшысын көтерип.

Бирақ Дүйшен оннан бурын қыймылдап, бар күши менен қызыл бетти ийтерип жиберди. Ол ыңқ етип, шалқасына қулады. Сол ўақытта шоқмарлы еки адам Дүйшенге тура умтылды. Балалар шыңғырысып, маған асылысып жүр. Төбелес ўақтында есик қопарылып, пашақ-пашақ болды. Мен асылып, жибермей жүрген кишкене оқыўшыларды сүйреўим менен есикке қарай жуўырдым:

—Босатың муғаллимди! Урма оны! Керек болса мени алың, урма муғаллимди!

Дүйшен маған мойнын бурды. Қанға боялған оның түри адам қорыққандай еди. Жерде жатқан тақтайды ала салып, тум-тусына силтеп жүрген ол, бизлерге қарай:

—Қашың балалар, аўылға қарай қашың! Алтынай жуўыр!—деп бақырды.

Сол ўақытта анаўлар шоқмар менен урып, оның қолын сындырды. Салбырап, жансыз қалған қолын паналап, муғаллим дийўалға сүйенди. Ал анаў үшеўи өкирисиўи менен тура умтылып, ҳалдан кеткен Дүйшенди сабаўға киристи.

—Ур! Саба! Басқа ур, басқа! Өлсин! Ур!

Қутырынған жеңгем менен қызыл бет маған жуўырысып келди. Олар бурымымнан услап сүйрей жөнелди. Мен бар күшимди салып жулқынып, артыма бурылдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорқып, шыңғырысқан балалар, қан шашырап қап-қара болған дийўалға сүйенген Дүйшен көзиме түсти.

—Муғаллим!

Бирақ Дүйшенниң маған берер көмеги жоқ еди. Соққы астындағы ол мәс адамдан теңселип, аяғында зорға тур. Ал анаўлар үсти-үстине тынбастан урып атыр. Мени жерге жығып, қолымды байлады. Сол ўақытта тепки астында домалап жүрген Дүйшенге көзим түсти.

—Муғаллим!

Дәрҳал мениң аўзымды тығып, ерге ылақтырып урды. Ердиң артына секирип минген қызыл бет бөктериўли мени шығанағы, көкиреги менен басып отыр. Муғаллимди қанға бояған жаңағы екеўи де атларына минди. Ал жеңгей қызыл беттиң атының қапталында жуўырып, басыма жудырығы менен урып киятыр.

—Күткениң усы еди ғой! Мине усылай, мине усылай шығарып саламан сени! Муғаллимиң—ол да ҳарам қатты...

Бирақ, муғаллим еле тири еди. Артымнан өжетлене шыққан даўыс еситилди:

—Алты—на—а—ай!

Мен аттың баўырына салбырап кеткен басымды зорға көтерип, соңыма қарадым. Изимде өлимниң бержағына шекем таяқ жеп, қанға малынған Дүйшен саў қолына тас услап жуўырып киятыр екен. Онық артында класстағы барлық балалар бақырып жыласып, шубырып киятыр.

—Тоқта, ҳайўанлар! Тоқта! Босат оны, босат! Алтынай!—деп бақырды жетип қалған Дүйшен.

Зорлаўшылар атын ирикти. Анаў екеўи Дүйшенди айланып, шапқыласып жүр. Дүйшен кесент бермесин деп, сынған қолының жеңин тислеп, саў қолындағы тасын гөзеп ылақтырды.Бирақ, ол дарымай кетти. Сол ўақытта анаў екеўиниң шоқмары қатара тийген Дүйшен шал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шыққа қулады. Мениң көз алдым тынып, басым айланды. Тек жуўырысып келип, муғаллимниң бас ушында дирилдеп турған балаларды ғана байқап қалдым.

Қай жерге, қалай әкелгени ядымда жоқ, Тигиўли қара үйде есимди жыйдым. Ашық түңликтен жылтыраған жулдызлар үңилип қарайды. Далада дәрья шуўылдап, қой баққан түнги шопанлардың даўысы еситиледи. Сөнип баратырған ошақ жанында арықтан қатқан, қуў сүйек ғарры қатын түнерип отыр. Оның жүзи күйедей қап-қара екен. Мен мойнымды бурып, екинши қапталыма қарадым. О, қәне, егер бул кисини көзим менен атыў қолымнан келсе!

—Қара қатын, турғыз мынаны орнынан,—деди қызыл бет.

Ҳаял жаныма келип, қап-қатты күсли қолы менен ийинимнен жулқыды.

—Күндесиңди көндирип, түсиндир. Тыңламайды екен бәри-бир сөз қысқа болады,—деп қызыл бет ҳаялға буйырып, үйден шықты.

Қара қатын үндемеди. Мүмкин ол сақаў шығар? Оның суўық күлге усап сөнген шегир көзлери ҳеш нәрсе аңлатпайды.

Күшик күнинен баслап сабала беретуғын ийтлер болады ғой. Рейимсиз адамлар қолына түскен нәрсе менен олардың басына, жаўырнына ура берген соң, ийтлер буған кем-кемнен үйренисип кетеди. Бирақ олардың көз қарасындағы усыннан пайда болған бир түрли жансызлықты көргенде, денең түршигип, қалтырап кетесең. Қара қатынның да сондай өли көзлерине қарап жатырған мен, өзимди әлле қашан өлип, қойымшылықта жатқандай сеземен. Мен буған рас-ақ исенгенде болар едим, егер таў басынан шуўылдап аққан дәрьяның сести болмаса. Байлаўсыз, азат суў гүрилдеп, сарқырап ағып атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара жүрек, жаўыз жеңгей, өмир бойы саған нәлетлер жаўғай! Иләйым мениң көз жасым менен, ып-ыссы қаныма шақалғайсаң! Жаңа ғана он беске келген мен усы түнде ҳаял болдым... Сол зорлаған адамның қызларынан да мениң жасым киши еди ғой...

Үшинши түнде қалай болмасын қашып кетиўди ойладым. Мейли жолда-ақ өлейин, мейли кейнимнен қуўғыншылар да жетсин, бирақ муғаллим Дүйшендей болып, соңғы демим питкенше алысып өлермен.

Қараңғыда билдирмей есикке келдим. Ол жүн арқан менен байланып тасланған екен. Қайта-қайта тастай етип түйилген арқанларды қараңғыда шешиў мүмкин емес еди. Соннан кейин табалдырықты тайдырмақшы болдым. Бирақ, қанша тырбансам да ҳеш нәрсе шықпады. Үйдиң сыртынан да қазық қағып, оған арқан менен қапыны тарттырып қойыпты.

Өткир бир нәрсе таўып, арқанды кесиўден басқа илаж қалмады. Дөгерегимди сыйпалап, излеп жүрмен. Бирақ ағаш қазықтан басқа ҳеш нәрсе табылмады. Үмиттен гүдер үзип, үйдиң иргесин қазық пенен қаза басладым. Басымда тек жалғыз ғана ой—бул жерден қашыў я өлиў, әйтеўир қызыл беттиң пысылдап, қорылдағанын еситпесем екен, тек усы жерде тәғдирге көнлигип қалмай азатлықта жулысып, айқасып өлсем екен!

Тоқал—бул екинши қатын. О, усы сөзди қаншелли жек көремен десеңизши! Набыт қылатуғын қайсы заманда буны ким ойлап тапты екен?! Жан-тәни менен қулшылықтағы, ериксиз екинши қатынның күнинен қорлықлы нәрсе барма екен, сирә? Турыңыз бақытсыз қатынлар гәриңизден, турыңыз адамшылық қәсийетинен айырылып, қорланыў менен набыт болған бийшаралар! Турыңыз ҳәммеңиз орныңыздан, жәбир-жапа шегип, азап көрген ериксиз ҳаяллар! Мейли сол түңғыйық қара заман қайтадан дирилдесин! Буны айтып турған—



www.ziyouz.com kutubxonasi

сизлердиң ең генжеңиз тәғдирдиң усы азабын татып байқаған адам—мен!

Келешекте усы сөзлерди жазатуғыныма мүмкиншилик туўатуғынын сол ақшам билмедим. Гижинип, өшигиўим менен үй иргесин қазып атырман Таслы топырақ оңлы қазылмайды. Тырнақларым топырланып, бармақларым қызыл қан болды. Қол сыйғандай ғана жерди қазып болғанымда таң да атты. Ийтлер үрип, қоңсы үйлер орнынан турды. Дүсирлеп көп жылқы суў ишиўге келип, қойлар пысылдап өтип атыр. Соңынан биреў үй жанына келди де, байлаўлы арқанларды шешип, керегеге сыртынан жабылған кийизди түрди. Бул сөйлемейтуғын қара қатын еди.

Демек, аўыл көшиўге таярланып атырғанға усайды. Азан менен аўыл, дәслеп таўдың аржағындағы жаңа орынға көшеди де, соңынан жаз бойына узақ жайылымларға кетеди деген сөзди кеше еситип қалғаным ядыма түсти. Кеўлим қулазып қоя берди. Ол жақтан қашып қутылыў жүз мәрте қыйын ғой.

Мен орнынан қозғалмай, қазылған иргениң түбинде отыра бердим. Қашпақшы болғанымды жасырыўдың кереги қанша. Бәри-бир қара қатын керегениң түби қазылғанын көрип тур. Сонда да ол ҳеш нәрсе деп аўзын ашпады. Буның менен сирә иси жоқтай, жумысын даўам еттире берди. Ол өзин бәрҳа усылай, өмирдеги ҳеш нәрсе менен қатнасы жоқтай тутатуғын еди. Ол түўе, уйықлап жатқан күйеўин оятып, үй жыйнаўға көмеклес деп сораўға да қорықты. Қызыл бет болса постын астында айыўдай болып, қорылдап жатыр.

Үй кийизлери жыйналып, қуры керегe қалды. Мен оның ишинде торға қамалған адамдай болып отырман. Дәрья бойындағы қоңсылар жыққан үйлерин ат пенен өгизлерге жүклеп атыр. Кешикпей оларға атлы үш киси келип, бир нәрсе сорады да, биз бекте қарай жүрди. Дәс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леп оларды жолға шығыўға асықтырып жүрген биреў-лерме деп ойладым. Анықлап қараңқырап, орнымда си-лейип қатып қалыппан. Бул Дүйшен. еди. Ал қасындағы еки адам қызыл жағалы шинель, милиция фуражкасын кийип алыпты.

Тири емес, я өли емес болып отырман. Бақырып жылаўға да шамам келмеди. Жүрегимди шексиз қуўан-ыш бийлеп алды. Демек, муғаллимим тири екен! Тири екен ғой... Бирақ, бул қуўаныш та бирден суў сепкендей басылды: мен масқара болып, қуры сүлдери қалған адамман ғой. Дүйшен мени не қылсын?..

Ол басын сийле менен орап, қолын мойнына таңып алыпты. Дүйшен аттан ырғып түсип, ергенекти теўип ашты да қызыл беттиң жамылған постынын жулып ал-ды.

—Түргел орныңнан!—деп бақырды ол ашыўлы түр-де.

Қызыл бет басын көтерип, көзин уўқалады. Дүйшен-ниң жағасына асылмақшы болып қолайласқан ол, мили-ционерлердиң өзине қаратылған наганларына көзи түс-кенде жуўасып сала берди. Дүйшен оның жағасынан ус-лап, орнынан жулқый көтерди:

— Нәлетий!—деп гүбирледи ол тисленип,—енди на-ғыз орныңа барасаң! Жүр қәне!

Мойынсынып, есикке қарай жүрип баратырған қы-зыл беттиң ийнинен бүре услаған Дүйшен оның жүзине тигилип қарады.

—Қызды шөптей басқылап, женшип таслады деп ойлайсаңба? Жоқ, өйте алмассаң. Ендиги заман солар-дай жетимлердики... Ал сениң күниң усының менен пит-ти!

Қызыл бетке етигин кийгизип, қолын байлады да атқа мингизди. Милиционерлердиң биреўи оның атын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жетелеп, екиншиси артынан айдады. Дүйшен мени атына мингизип, өзи қапталымда киятыр.

Бизлер аўылдың шетине жақынлағанымызда кейнимизден шыңғырған адам даўсы еситилди. Бул жуўырып киятырған қызыл беттиң қара қатыны еди. Ол бизге жеткен соң қолындағы тас пенен урып, күйеўиниң басындағы малақайын ушырып түсирди:

—Бул ишилген қаным, кешриген қара күнлерим ушын қанхор!

—Сени енди тири жибермеспен! Мә! Ал! Мә!—деп бақырып, қолына түскен нәрсени ылақтырып жүр.

Мүмкин, ол қырық жылдай күйеўине қарсы —бас көтермеген шығар. Енди ҳәзир ишке жыйналған сол барлық ашыў, ыза, күйинги сыртқа шығып, ақтарылса керек. Оның барынша бақырған даўысы таўда жаңғырып еситилип турды. Ҳаял аттың биресе ана жағына, биресе мына жағына жуўырып шығып, қорқып ерге жабысқан күйеўине қарай тас, ылай, тезек, әйтеўир қолына не илинсе, соның бәрин ылақтырып, ғарғап жүр:

—Илайым, басқан жериңе шөп шықпасын! Сүйегиң дүзде қалып, көзинди ғарға шоқығай. Екинши рет көрнүге жетпегейсең! Жоғал көзимнен, жоғал!—деп бақырады. Соңынан үндемей бираз турды да кейинине қарай қаша жөнелди. Сырттан қараған адамға бунысы желкесинде самалға желбиреген шашынан қашып баратырғандай еди.

Аўылдан келген атлылар оның изинен жетпекши болып, шапқыласып кетти...

Қорқынышлы түс көргендей басым мең-зең. Жети насырым бүгилип, ат үстинде отырман. Таңылған басын төмен түсирген. Дүйшен аттың жылаўынан услап, қапталымда үндемей киятыр.

Таў қойнындағы аўыл кейин қаламан дегенше әдеўир



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыт өтти. Милиционерлер болса көп илгери озып кеткен еди. Дүйшен атты иркип, маған муңая қарады.

—Алтынай, сени қорғап қала алмадым, кешир мени, —деди ол Сөйтти де мениң қолымды услап, бетине басты.—Бирақ сен кеширген менен мен өзимди бул ушын ҳеш қашан кеширмеспен...

Мен еңиреп жылап, ат жалына асылдым. Ал, Дүйшен жанымда турып, шашымды әсте ақырын сыйпап, жылап болыўымды күтип тур.

—Болар Алтынай, кетейик,—деди ол ақырында.—Мениң айтқаныма қулақ сал. Буннан үш күн бурын болыста болдым. Сен енди қалаға оқыўға барасаң. Еситтиң бе?

Ағып турған кишкене дәрья бойына келгенимизде Дүйшен:

—Аттан түсип, жуўын Алтынай,—деп қалтасынан бир бөлек сабын шығарып берди.—Мә, ал. Аяма. Қәлесең мен анаў жаққа барып, атты отлатып қайтайын. Ал сен шешинип, шомылып ал. Мейли, болған истиң бәри умыт болсын. Екинши оны ойлама да. Шомыл Алтынай, өзиңе жеңил болады. Яқшыма?

Мен мақуллап, бас ийзедим. Дүйшен былайырақ кетиўден-ақ шешинип, суўға түстим. Қатты аққан тынық суў астынан көгилдир, ақ, қызыл таслар қадала қарайды. Қосыўысым менен толы суў алып, көкирегиме шаштым. Муздай тамшылар денемнен сорғалағанда титиренип, күлип жибердим. Бул мектептен кеткели берги мениң биринши күлиўим еди. О, күлген қандай жақсы. Қайтадан үстиме тез-тез суў шашып, бирден тереңге сүңгидим. Қатты ағыс шетке апарып тасласа, қайтадан сүңгиймен.

Өткен күнлердиң барлық ылас, сасығын алып кете гөр! Мени де өзиңдей тап-таза ет!—деп суўға сыбырлап жалынаман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўдиң жүрегинде өмиринше қалған адам изи неге сол соқпақта бхәҳама жата бермейди екен- Егер ҳәзир мен Дүйшен менен бирге таўдан қайтқан соқпағымызды таба алсам, жерге бүккеме түсип, муғаллимниң изин сүйер едим. Бул соқпақ мениң келешегиме жол ашты... Мени жаңа өмир менен жаңа турмысқа, үмитлер менен жақтылы күнге әкелген сол соқпаққа мың рәҳмет!...

Еки күннен кейин Дүйшен мени станцияға әкелди. Бул болған ислерден кейин мениң аўылда қалғым келмеди. Жаңа өмирди жаңа жерде баслаўым тийис еди. Адамлар да мениң бул пикиримди дурыс деп тапты. Мени жолға Сайқал менен Қареке шығарып салды. Олар жас баладай жыласып, бетимнен шорп-шорп сүйеди. Жолда жерсең деп шөрек, баўырсақларды түйиншикке тыққышлап жүр. Хошласыўға басқа қоңсылар, ҳәтте Сатымқул жәнжелкеш те келди.

—Алла яр болып, жолыңды жақтыртсын қызым,—деди ол.—Тартынып я қорқып жүрме. Дүйшен муғаллимниң айтқан ақылын орынласаң-хор болмайсаң. Несин сорайсаң, бизлер де енди бир нәрселерди түсинетуғын болдық.

Бизиң класстың оқыўшылары арбаның артынан узақ жуўырысып, көпке шекем қол былғап турысты.

Мениң жанымда бир неше балалар болды. Олар да Ташкенттеги детдомда оқымақшы. Станцияда бизлерди тери тежурка кийген рус ҳаялы күтип тур екен.

Соңынан талай рет таў ишиндеги терекке бүркенген усы кишкене станциядан поезда жүрип өттим. Мениңше жүрегимниң жартысын тап усы жерде мәңгиликке қалдырып кеткен сыяқлыман.

Бәҳәр күниниң кешки гүңгирт жақтысы адам кеўлин муңайтқандай еди. Тап ол да бизиң айырылысатуғынымызды билгендей. Хошласыўдың жанына қаншел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли аўыр тийип турғанын Дүйшен билдирмеўге тырысып тур. Бирақ бул маған белгили ғой. Себеби мениң өзимниң де алқымым тығылып, жылап жибериўиме сәл-ақ бар. Дүйшен мениң көзиме қадала қарап, қолы менен шашымды, бетимди, ҳәтте көйлегимдеги илгеклерди де сыйпайды.

—Мен ғой Алтынай, сени қапталымнан бир адым да ары жибермес едим,—деди ол даўсы дирилдеп.—Бирақ саған кесент бериўге ҳақым жоқ. Сениң оқыўың керек. Мениң болса саўатым шамалы. Кеткениң мақул... Мүмкин сен келешекте нағыз муғаллим болып жетисерсең. Сонда бизиң мектепти еске алып, күлерсең де... Мейли солай-ақ, мейли солай-ақ болсын.

Узақтан бақырып киятырған паровоз шырасының жақтысы көринди. Оның бақырған даўысы таў жыраларын жаңғыртып жиберди. Станциядағы күтип отырған адамлар орнынан турып, қыймылдай баслады.

—Мине енди сен кететуғын болдың,—деди Дүйшен қолымды қатты қысып.—Бахытлы бол, Алтынай. Ең баслысы—оқы, оқы...

Жасқа буўлыққан мен ҳеш нәрсе деп жуўап қайтара алмадым.

—Жылама, Алтынай,—деп Дүйшен көзимди сүртти. Және ол бир нәрсени ядына түсиргендей болып, қолымды услады:—Анаў күнги екеўимиздиң отырғызған теreклеримизди өзим өсиремен. Еле үлкен адам болып, аўылға қайтқаныңда олардың қандай сулыў болып жетилискенин өз көзиң менен көрерсең.

Сол ўақытта поезд да жетип келди. Вагонлар гүлдир—салдыр етип, жанымызда тоқтады.

—Қәне, кел хошласайық!—Дүйшен мени қатты қушақлап, маңлайымнан сүйди. —Хош бол, қарағым. Илайым бахытлы болғайсаң... Оннан соң айтарым—қыйыншылықтан қорықпай, қадеминди батыл бас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен вагонға ырғып минип, тамбурда кейниме бурылдым. Сынған қолын мойнына таңып, маған мүңая қарап турған Дүйшенди өмири умыта алмаспан. Ол мениң қасыма келгиси келгендей вагонға умтылды. Сол ўақытта поезд да орнынан қозғалды.

—Хош бол, Алтынай!—Хош бол, ақыллым мениң!—деп бақырды Дүйшен.

—Хош бол, муғаллим! Хош болыңыз, қымбатлы устазым!

Дүйшен вагонның қапталында азырақ жуўырды да кешикпей тоқтады. Аздан кейин ол бирден жан ушырып жуўырып, даўсының барынша:

—Алты—на—а—ай!—деп қышқырды.

Ол жүдә бир әҳмийетли нәрсени маған айтыўға умытып кетип, енди кеш болса да ядына түсирген адамдай болып бақырды Оның жан түпкиринен, жүрек төринен шыққан усы бақырған даўысы елеге шекем қулағымда жаңғырып тур...

Поезд туннельден өтип, туўра жолға шықты. Ол кем-кемнен тезлигин арттырып, қазақ даласы арқалы мени жаңа өмирге қарай алып баратыр. Хош бол муғаллим, хош бол мениң биринши мектебим, хош бол балалық ўақыт, хош бол мениң еле ҳеш кимге тисимнен шығарып айтпаған биринши муҳаббатым!...

Аўа, мен Дүйшен әрман еткен үлкен қаланың кең терезели, жақтылы мектебинде оқыдым. Рабфакты питкергенимнен кейин мени Москвадағы институтқа оқыўға жиберди.

Узақ оқыў жылларында соншелли көп қыйыншылықларды басымнан кеширдим. Илимдеги ызғыған қыйыншылықларды жеңиўге енди ҳалым келмейди-аў деп гүдер үзген ең аўыр минутларымда, ишимнен муғаллимим Дүйшенге өзимше есап берип, ҳеш қандай қыйыншылықтан қорықпаўға бекинетуғын едим... Басқалардың тез



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғана үйренген нәрселерин мен көп аўырманлықта ийелеп жүрдим. Себеби маған оқыўды әлиппеден баслаўға туўра келди.

Рабфакта оқып жүрген күнлеримде муғаллимге хат жаздым. Шын сүйетуғынымды билдирип, оның усы жаққа келиўин күтип жүргенимди айттым. Бирақ, ол жуўап қайтармады. Соның менен бизиң хат алысыўымыз да үзилди. Мениң оқыўыма кесент бермейин деп ол жуўап қайтармаған ғой деп ойлайман. Мүмкин басқа да себеплер болды ма екен? Соны ойлап, сол күнлери қаншелли азапландым десеңиз-ши!..

Бириншн диссертациямды Москвада жақладым. Бул мен ушын үлкен жеңис еди. Бирақ, сонша жыл даўамында аўылға барыўыма мүмкиншилик болмай-ақ қойды. Буған қыйланып, қапа болып жүргенимде кешикпей урыс та басланып кетти. Гүз айларының ақырында Москвадан Фрунзеге киятырып, муғаллимим шығарып салған баяғы кишкене станцияда поездан түстим. Бахтыма қарай бизиң аўылға баратуғын арба да тез табылып, дәрриў соған минип алдым.

О, туўылған жер, сени урыс ўақтындағы аўыр күнлерде көриўиме туўра келди. Жаңадан пайда болған көпирлерге қарап, қаншелли қуўансам да қурғыр урыс кеўилди қатты муңайтады.

Аўылға жақынлаған сайын тынышсызланып киятырман. Алыстан таныс емес жаңа көшелерге, бағларға қадала қарайман. Бурылып, баяғы бизиң мектеп турған дөң үстине қарағанымда қуўаныштан жүрегим қанасынан шығып кетейин деди. Себеби дөң үстинде шайқалып еки гүжим терек өсип тур екен. Енди мен өмир бойы «муғаллим» деп атап келген адамның атын биринши рет қайталап:

—Дүйшен—деп сыбырладым.—Маған ислеген сонша



www.ziyouz.com kutubxonasi

жақсылықларың ушын мың рахмет саған! Мени еле умытпай, ойлап жүрген екенсең ғой... Ўәдеңди орынлап, тереклерди өсиргениңнен-ақ сениң қандай жақсы адам екениң көринип турған жоқпа?! Жүзимнен сорғалаған көз жасымды көрип арбашы бала қорқып кетти:

—Неге жылап отырсыз, апай?

—Жайша, өзим.. Сен усы колхоздың адамларын таныйсаңба?

—Әлбетте. Бул жердегилердиң бәри өзимиздиң адамлар.

—Онда анаў баяғыда муғаллим болған Дүйшенди танымайсаңба?

—Дүйшенди? Ҳаў, ол армияға кетти ғой. Мениң өзим оны усы арба менен военкоматқа апарып салдым.

Аўыл шетинде мен арбадан түстим. Усындай күнлерде таныс излеп, ҳәр үйден: сизлер мени танымайсызларма? Мен баяғы жерлесиңмен ғой деп жүриўге батына алмадым. Ал, Дүйшен болса армияға кетипти. Екинши жақтан ағай менен жеңгем отырған аўылға өмири бойы аяқ баспаспан деп ант еткен едим. Көп нәрселерди кешириўге болған менен екеўиниң ислеген жаўызлығындай жаманлықты, егер ким болса да кешире алмас деп ойлайман. Ҳәтте бул аўылға келгенимди де оларға билдиргим келмеди. Жолдан шықтым да, дөң үстиндеги гүжимлерге қарай кеттим.

—Эҳ, гүжимлер, гүжимлер! Баяғыда сизлерди биринши рет алып келгенде қурттай ғана шыбық едиңиз. Енди соннан бери қанша жыл өткенин билесизлерме? Сизлерди шанышып, өсирген адамның барлық айтқанлары менен ойлаған әрманлары мине иске асып тур. Неге онда сизлер муңлы түрде сыбырлап, қайғырасыз? Я қыс жақынлап, суўық самал жапрақларыңызды жулатуғын болғанына қыйналасызба? Я ҳәзирги аўыр күнлердеги халықтың қайғысына сизлердиң де жаныңыз аўырыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

турма? Аўа, еле суўық қыс та, сақылдаған боран да болады. Бирақ, сизлер бәҳәрдиң келетуғынын да умытпаңызлар.

Мен гүжим түбинде сарғайған гүзги жапрақлардың сылдырлысын тыңлап, узақ ўақыт турдым. Терек жанындағы салма тазаланып, қайтадан қазылған екен. Дөгеректи босатқан кетпенниң—Дүйшенниң кетпениниң излери еле ап-анық болып жатыр. Салмада болса тынық суў толып тур екен. Оның үстинде гүжимниң түскен сарғайған жапырақлары қалқып жүр.

Дөң үстинен жаңасалынған меткептиң боялған қаңылтыр төбеси көринеди. Ал, бизиң баяғы гөне мектебимиздиң кесегин де табыў қыйын.

Мен төменге түсип, жолға шықтым да гезлескен бир арбаға минип, станцияға қайтып кеттим.

* * *

Урыс питип, елимиз жеңиске жетти. Халық енди ашшы бахыт дәмин де татып атыр: жас балалар әкесиниң урыстағы сумкасын мойнына асып алып, мектепке қатнап жүр. Еркеклер атыз жумысына қайтып келди. Жесир қалған солдат ҳаяллары көз жасы таўсылғанша жыласып, илажсыздан тәғдирге қайыл болды. Еле жақынларын күтип жүргенлер де аз емес еди. Өйткени, ҳәмме бирдей үйге қайта алмады ғой.

Мен де Дүйшенниң өли-тирисин биле алмадым. Қалаға келген жерлеслерим оны хабарсыз жоқ болды, Аўыл Советке усындай қағаз келди деп айтысады.

—Мүмкин, өлген де шығар,—дейди олар,—ўақыт болса өтип баратыр, ал оннан еле хабар-атар жоқ.

Демек, муғаллимим енди қайтып келмейди деп ойлайтуғын едим, мен күн сайын.—«Станциядағы ядтан шықпайтуғын сол бир күннен кейин бизиң көрисиўимизге мүмкиншилик болмай-ақ қойды».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде өткенлерди ойлап жүрип, ишиме қанша қайғы жыйналғанын сезбей де қалыппан.

Қырық алтыншы жылғы гүздиң ақырында поезда Томск университетине илимий командировкаға кеттим. Сибирь арқалы бул биринши жүриўим еди. Қыс алдындағы Сибирь түнерген және қатал еди. Әсирлер бойы өсип турған тоғайлар қап-қара болып, жол бойында таўсылмай созылып жатыр. Гейде олар арасынан моржасынан түтин буўдақлаған жайлар көринип қалады. Атызларда биринши қар ағараңлап жатыр. Оның үстинде тоңған ғарғалар үрпийисип ушып жүр. Аспан болса кем-кемнен түнерип баратыр.

Бирақ поезда маған кеўилли еди. Купемиздеги қоңсымыз бурынғы фронтовик, балдақлы инвалид киси урыстағы өмиринен ҳәр түрли қызықлы анекдотлар айтып, бизлерди күлдирип киятыр. Оның қызық гүррыңлеринде де, жай ғана, кеўил қалдырмас күлкили анекдотында да бәрҳә шын ҳақыйқатлық сезилип турады. Ол бәримизге де жүдә унап қалды. Новосибирьсктиң аржағындағы кишкене разъезде поезд бир минутқа иркилди Мен терезе жанында сыртқа қарап, қоңсымыздың бир айтқан ҳәзилине күлип тур едим.

Поезд орнынан қозғалды. Стрелкашының кишкене ақ жайы да кейинде қалып баратыр. Купениң терезесинен қарап турған мен бирден кейин бәстим, соң және айнаға жабысып, қадала қарадым. Жолдың қапталында сары флаг көтерип, Дүйшен турыпты. Аўа, соның дәл өзи! Не болғанымды билмей, даўысымның барынша:

—Тоқтатыңлар!—деп бақырдым да далаға қарай жуўырдым, Сасқалақлап, не ислеримди билмей жүрмен, Сол ўақытта стоп-кранды көрип қалып, оны жулып жибердим.

Вагонлар бир—бирине дүгисип, поезд бирден тоқтады. Полкадағы чемоданлар жерге қулап, ыдыслар сын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Ҳаяллар менен балалардың жыласқан даўыслары еситиледи. Қорқынышлы түрде биреў:

—Поезд адам басыпты!—деп бақырды.

Ал мен жерге ырғып түсип, көзим жер көрместен, не екенимди билмей стрелкашының будкасына—Дүйшенге қарай жуўырып киятырман. Артымнан кондуктордың ысқырған үшпелегиниң даўысы еситиледи. Вагонлардан пассажирлер ырғып түсип, олар да кейнимнен жуўырысып киятыр.

Узын состав қапталында өкпем өшип, диңкем қурығанша қатты жуўырып баратырман. Буны көрген Дүйшен де маған қарай шаўып киятыр.

—Дүйшен, муғаллим!—деп бақырып оның мойнына асылдым.

Стрелкашы буған түсинбегендей, таңлана қарайды. Ол ҳақыйқатында да Дүйшен еди. Жүзи, көзи соның дәл өзи. Тек мурт қойып, азырақ қартайайын депти.

—Қарындасым, не болды сизге?—деп сорады ол қазақшалап маған аянышлы түрде қарап.—Сиз шынында да алжастыңыз. Мен стрелкашы Жанғазинмен, атым—Бейнеў.

—Бейнеў?

Қайғыдан, азап пенен уяттан бақырып, жылап жибермейин деп аўзымды қолым менен қалай басып үлгергеним ядымда жоқ. Аҳ, не иследим мен! Қолым менен бетимди басып, басымды төмен ийдим. Қәне, ҳәзир аяқ астымыздағы жер жарылып, мен кирсем! Стрелкашы менен жыйналып қалған халықтан кеширим сораўға тийисли едим. Бирақ мен үндемей, тастай қатып қалыппан. Неге екени белгисиз, дөгерегимдеги адамлар да үндемей тур. Олар енди маған бақырып, урса баслайды ғой деп ойладым. Бирақ олар ҳеш сес шығарар емес. Усы ет түршиктирген тынышлықты бир ҳаялдың:

—Бахытсыз бийшара-ай, күйеўи я ағасын танып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўырып келсе, онысы басқа биреў болып шығыпты,—деген даўысы бөлди.

Адамлар қыймылдай баслады.

—Бунысы қыйын болған екен,—деди бир гүрилдеген даўыс.

—Қурғыр урыста биз не көрмедик? Басымыздан ҳәр нәрсени кеширдик ғой,—деди өксип екинши бир ҳаял.

Стрелкашы бетиме басқан қолымды жаздырып:

—Журиңиз, тоңып қаласыз. Шығарып салайын,—деди.

Ол мениң қолтығымнан сүйеди. Екинши жағымнан бир офицер қолымды услап:

—Журиңиз гражданка, биз бәримиз де түсинип турмыз,—деди.

Адамлар жарылып, жол берди. Оннан соң мени тап күйеўи я туўысқаны өлген адамдай етип, сүйеп алып кетти. Бизлер ҳәммениң алдында әсте-ақырын журип киятырмыз. Кейнимизде басқа адамлар. Ушырасқан кисилер, олар да көпшиликке қосылып, дизилиседи. Бир ҳаял мениң ийниме жүн орайпегин жапты. Купедеги инвалид қоңсымыз қапталда, қолтығындағы балдақларына сүйенип, ҳәккелеп киятыр. Ол сәл илгерирек шығып, бетиме қарады. Ақ пейил, ҳәзилкеш, қайырқом, мәрт адам—ол неге екенин билмедим, басын жалаңбаслап алыпты және маған жылап киятырғандай сезилди. Мениң де ишибаўырым өртенип, көз жасым тынбай сорғалайды. Состав қапталындағы бул үнсиз жүристен, телеграф сымларының самалдағы ызыңлысынан, мен ҳақыйқатында да азалы, матам маршын еситкендей едим. «Жоқ енди оны ҳеш қашан да көре алмайман!».

Вагон қапталында бизлерди поезд начальниги тоқтатты. Ол бармағын шошайтып, бир нәрселерди айтып, бақырады. Суд жуўапкершилиги, штраф деген сөзлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

қулағыма тал-тал еситиледи. Бирақ мен ҳеш қандай жуўап қайтармадым. Мағаn енди бәри-бир еди. Начальник протоколын тыққышлап, қол қойыўды буйырды. Мениң қәлемди услаўға да ҳалым жоқ еди.

Сол ўақытта инвалид қоңсым оның қолында қағазын жулып алды. Ҳәккелеўи менен оны ийтергишлеп, ызалы түрде начальникке:

—Тийме оған! Әкел бери, қолды өзим қояман. Стоп-кранды жулған мен, жуўап беретуғын да мен!—деп бақырды.

Әзелден рус жери—Сибирь бойынша кешиккен бизиң поездымыз асығып киятыр. Купеде қоңсымның гитарада шерткен муңлы намасы еситиледи. Урыстан кейинги алғашқы ушырасыўымның қайғысын жесир рус ҳаялларының азалы узақ қосықларындай жүрегимде сақлап баратырман.

Жыл изинен жыллар өтпекте. Бурынғылар кетип, келешек өмир өзиниң үлкенли-кишили машақаты менен алға шақырады. Күйеўге мен жүдә кеш шықтым. Бирақ, маған жақсы адам тап болды. Ҳәзир бизиң семьямыз, балаларымыз бар. Өзлеримиз де татыў турамыз. Мен енди философия илимлериниң докторыман. Тез-тез командировкаға шығыўыма туўра келеди. Көп рет шет еллерде болдым. Бирақ аўылға бара алмадым. Буған әлбетте көплеген себеплер болды. Сонда да мен өзимди ақлайын деп отырганым жоқ. Жерлеслерим менен қатнасықты үзгеним—кеширилмес гүнә. Бирақ тәғдир усылай болған соң, не илаж бар? Мени бурынғыларды умытты деўге болмайды, жоқ, ол мүмкин емес, тек ғана олардан узақласып кеткеним демесең...

Басқа жақтан жол салынса таўдағы гейпара булақлар да умыт болады. Жолаўшылар енди оған суў ишиўге қайрылмайды, булақ дөгерегин шөп басып кетеди. Соңынан оны былайырақтан көриў де қыйын. Сол булақты



www.ziyouz.com kutubxonasi

ядына түсирип, ыссыда шөлин қандырыў ушын жолдан қайрылып келетуғын адамлар сийрек гезлеседи. Егер адам ҳақыйқатында да оған бурылып, шөп басқан жерди ашып қараса, қуўаныштан есинен айырылайын дейди: көп ўақыттан бери ҳеш ылайланбаған, муздай тып-тынық мөлдир суў жалтырап жатады. Онда адам өзиниң, таў менен аспанның, күнниң де сүўретин көреди... Сонда ол бундай булақты билмеў гүнә, ол жөнинде басқа адамларға да айтыўым керек деп ойлайды. Солай ойлаған менен ол соңынан екинши ретке шекем умытып кетеди.

Өмирде де гейде усылай болады. Мүмкин, өмир дегенниң өзи усылай шығар....

Мен сондай булақ жөнинде жақында аўылға барғанымнан кейин ғана ойлана басладым.

Сиз, мүмкин мениң сондағы Гүркиреўден бирден кетким келгенине таңланған шығарсыз. Усы айтқанларымның бәрин неге сол жерде—аўылда айтыўға болмады екен деп ойларсыз да. Жоқ, шынында да болмады. Онда мениң кеўил-күйим бузылып, өзимнен-өзим қысындым. Сонлықтан тезирек кетким келди. Себеби Дүйшен менен ушырасыўға батына алмадым, оның жүзине тикленип қарай алмайтуғынымды түсиндим. Мениң тынышланып, ой-пикиримди бир жерге жыйнаўым, жол бойынша жерлеслериме, тек ғана оларға емес-аў, ал басқа да көплеген адамларға айтып бериўге тийис болған усы ҳақыйқат гүррыңим жөнинде ойлаўым керек еди.

Өзимди тағы да гүнәкар сезиўимниң себеби—жаңа мектептиң ашылыў мерекесинде мениң сыйлы жерде отырыўға ҳақым болған жоқ. Сонлықтан, көрсетилген сонша иззет, ҳүрметтиң бәрин маған емес, ал басқаға ислеў керек еди. Бәринен бурын буған бизиң биринши муғаллимимиз, аўылдағы ең дәслепки коммунист—Дүйшен ғарры ҳақылы еди. Ал, ҳақыйқатында басқаша бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып шықты. Бизлер байрам столында гәрдийисип отырғанымызда бул ҳақыйқат ҳасыл адам хат тасып, мектептиң ашылыў мерекеси ҳүрметине бурынғы оқыўшылардан келген қутлықлаў телеграммаларды тарқатып бериўге асығып жүрди.

Бундай ўақыя жалғыз ирет ғана ушырасып қалмайды ғой. Мен буны бир неше рет байқадым. Сонлықтан гейде отырып өз-өзимнен: жай ғана әпиўайы адамды ҳақыйқат, тап Ленин сыйлағандай етип сыйлаў уқыбынан биз қашан айырылып едик? деп сорайман. Қудайға шүкир, енди биз бул ҳаққында ҳеш жасырмай, жәдигөйликсиз айта аламыз. Ең болмаса усы жөнинен Ленинге жақынлап келгенимиз жүдә жақсы, жүдә қуўанышлы.

Ўақтында Дүйшенниң қандай муғаллим болғанын жаслар билмейди. Ал, ғарры әўладтың көбиси ҳәзир тири емес. Дүйшенниң көп ғана оқыўшылары урыста өлип, өзлериниң қандай батыр адамлар екенин көрсетти. Мен өзимниң муғаллимим—Дүйшен жөнинде халыққа айтып бериўге миннетлимен. Мениң орнымда басқа биреў болса да бәри-бир усылай ислер еди. Бирақ мен көп заманлардан бери аўылда болмадым және Дүйшенниң тири екени ҳаққында ҳеш нәрсе еситпедим. Сонлықтан ўақыттың өтиўи менен Дүйшенниң образы мен ушын тек қымбатлы реликвияға айланып, музей тынышлығында сақланып турғандай болып қала берди.

Еле мен муғаллимиме келип, оның алдында имтихан беремен және барлық қателеримди кешириўин сорайман.

Москвадан келгенимнен кейин Гүркиреўге барып, адамлардан жаңа салынған мектеп-интернатты «Дүйшенниң мектеби» деп атаўды өтинемен. Аўа, мектепти усы жай ғана колхозшы, ҳәзирги почтальонның атына қойыўды көпшиликтен сорайман. Мүмкин, сиз де жерлес ретинде мениң бул пикиримди қуўатларсыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир Москвада түнги саат еки. Мен мийманханаиың балконында қаланың шексиз көп лампочкаларына қадала қарап, жақында ауылға қайтадан баратуғыным ҳәм онда Муғаллимим менен ушырасып, оның аппақ сақалынан сүйетуғынымды ойлап турман...

* * *

Мен ойнекти барынша ашқанымда өжирege үйтқыған таза ҳауа толады. Булдырлау, қараңғыда өзим салғап сүўреттиң этюдлары менен сызықларына қадала қарайман. Олар жүдә көп. Себеби бул сүўретти талай рет қайтадан салдым. Бирақ ол жөнинде толық пикир айтыўға еле ерте. Өйткени ондағы бас нәрсени еле таба алмадым... Ертеден, таң алдындағы тынышлықта теңселип жүремен де, тереӊ ойға шүмемен. Бәрҳа усылай. Жәие ҳәр сапары жазған картинамның тек ғана ойымдағы мақсетке талпыныў екенине көзим жетеди.

Сонда да сизлер менен сол питпеген шығармам жөнинде сөйлесиш кеңеским келеди. Сизлер, әлбетте мениң картинамның аўылымыздағы биринши муғаллим, дәслепки коммунист —Дүйшенге арналатуғынын сезип отырған шығарсызлар? Бирақ, мен сол гүреске толы қыйын өмир менен адам тәғдириниң ҳәр қыйлы тәреплерин көрсетиўге шамам келе қоярма екен деп қәўипсинемен. Толы табақты төгип алмай, сизлерге жеткериў ушын не ислеўим керек, қымбатлы заманласларым? Мениң ойлаған нийетим сизлерге жай ғана жетип қоймай, ал ҳәммемизге ортақ шығарма болыўы ушын не қылыў керек?

Бул картинаны жазбай қойыўым ҳеш мүмкин емес. Бирақ мени қанша қорқыныш ийелеп алғанын айтпайсызба?! Гейде маған жазғанымнан ҳеш нәрсе шықпайтуғындай көринеди. Сонда мен: олай болса тәғдир қо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыма кистьти неге услатты екен деп қыйланаман. Ох, қандай азаплы өмир десеңизши! Ал, гейде мен өзимди сондай қудиретли сезип, тауды аударып таслауға шамам келер деп ойлайман. Сонда мен: көр, излен, сайлап ал, деп өзиме кеңес беремен. Дүйшен менен Алтынайдың гүжим тереклерин жаз. Жас уақтында сол тереклердиң тарийхын билмесең де олар саған қанша қуўаныш әкелип еди! Күнге күйген жалаң аяқ бала ҳаққында жаз. Әне, ол теректиң уша басына шығып, көз илмес узақларға таңлана қарап отыр.

Ямаса жазған картинаңды «Дәслепки муғаллим» деп ата. Мейли, ол Дүйшенниң балаларды қолына көтерип, дәрьядан өткерип атырған уақты болсын. Ал, қапталыған семиз, асау атқа минген түлки малақайлы ақылсыз адамлар Дүйшенди масқаралап, күлисип өтип баратырған болсын.

Болмаса муғаллимниң Алтынайды оқыўға шығарып салғанын жаз. Оның станциядағы соңғы рет қалай бақырғаны ядыңдама? Олай болса сен сондай бир картина дөрет, мейли ол усы уақытқа шекем Алтынайдың қулағында еситилип турған Дүйшенниң сол бир ақырғы бақырғанындай ҳәр бир адамның жүрегинен орын алсын.

Усылай деп мен өз-өзиме кеңес беремен. Бирақ айтқанларыңның бәри бирдей орынлана бермейди ғой...

Ҳәзир мен еле қандай картина жазатуғынымды билмеймен. Бирақ, мен бир нәрсени—картина үстинде ериңбестен, тынбастан изленетуғынымды жақсы түсинемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**ЧИНГИЗ АЙТМАТОВ**

ПЕРВЫЙ УЧИТЕЛЬ

(*Повесть*)

Переведен с издания „Повести гор и степей“ выпущенного „Советским писателем“. Москва 1963 год

*Издательство „Каракалпакия“*

Нукус — 1965 год

Аўдарған *У. Төрежанов*
Редактор *Т. Кабулов*
Қарап шығарған *Ө. Байлепесов*
Худредактор *К. Бердимуратов*
Техн. редактор *А. Турдымуратов*
Корректор *Ә. Мәдирейимов*

---

Терикге берилген ўақты 31/VIII—1965-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 23/X-1965-ж. Қағаз форматы. 70X108$^{1}/_{32}$. Көлеми 2,25. баспа табақ 3,15 шәртли баспа табақ 3,06 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 14 т.

„Қарақалпақстан“ баспасы. Нөкис қаласы. Ленин көшеси, 15.

---

ҚҚАССР Министрлер Советиниң Баспа сөз бойынша басқармасының „Правданың“ 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ № 229.

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баҳасы 14 т.

# „ҚАРАҚАЛПАКСТАН" БАСПАСЫ

## *ТӘРЕПИНЕН БАСЫЛЫП ШЫҚҚАН МЫНА КИТАПЛАРДЫ АЛЫП ОҚЫҢЫЗ*

А. Твардовский. *Мәнзилден мәнзиллерге.* Поэма. Қарақалпақ тилинде. Аўдарған Б. Исмайлов. Көлеми 5 баспа табақ. Тиражы 5000. Баҳасы 46 т.

Т. **Шевченко.** *Таңламалы шығармалары.* Қарақалпақ тилинде. Көлеми 5 баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 54 т.

ККФАН. Қарақалпақ халық қосықлары. Баспаға таярлаған: Ә. Тәжимуратов. Қарақалпақ тилинде. Көлеми 21 баспа табақ. Тиражы 5000. Баҳасы 1. с. 43 т.

**ККФАН.** *Әбдираман Өтепов.* Баспаға таярлағанлар: Т. Алланазаров, Т. Ниетуллаев. Қарақалпақ тилинде. Көлеми 5 баспа табақ. Тиражы 4000. Баҳасы 42 т.

**А. Қәдирий.** *Өткен күнлер.* Тарийхый *роман.* Қарақалпақ тилинде. Аўдарған М. Мәтназаров. Көлеми 20 баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 75 т.

**Т. Жумамуратов.** Қудиретли тулға. Қосықлар. Қарақалпақ тилинде. Көлеми 2 баспа табақ. Тиражы 2500. Баҳасы 10 т.

**Т. Қайыпбергенов.** *Қарақалпақ қызы.* Романның 2-китабы. Қарақалпақ тилинде. Көлеми 15 баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 80 т.

Т. **Сейтжанов.** *Айна алдындағы сөз.* Қарақалпақ тилинде. Көлеми 1,5 баспа табақ, Тиражы 2000. Баҳасы 15 т.

www.ziyouz.com kutubxonasi